

# Nzvimbo Yega YaKasarudzwa NaMwari Yekunamatira

Shreveport, Louisiana USA

65-1128M

1 Mangwanani! Ndinofara kuva pano mangwanani ano. Uye tinofara, kuropafadzwa nekuyanana kukuru uku panziyo dzakare dzekutenda idzi. Tinodzida. Hamudzidi 'wo here? Kuimbwa kwaAmeni. Ndizvo zvaAri, Ameni. Ane shoko rekupedzisira rekutaura.

Ndanga ndigere ipapo ndichitaura neshamwari yangu yekare, Hama Brown, nziyo zvadzanga dzichiimbwa. Uye vati, "Hama Branham, handina kumboona zvamakanga muchitaura nezvazvo dakara nezuro." Vakati, "Dai vanhu vakangopinda mune zvamuri kutaura nezvazvo," vakati, "chipingaidzo chose chingabva munzira." Ndizvo chaizvo. Ndizvo. Ndizvo chaizvo. Dai mangozvibata nokujekerwa nazvo. Maona?

2 Ndichitaura neshamwari yangu diki, Ernie Fandler. Ndinofunga kuti vamwe venyu vari pasaisai renhare mucharangerira Ernie, kutendeuka kwaakaita, kutungamirirwa kwaakaitwa kunaShe. Haatauri Chirungu chakanaka, kana kuti ndinoda kuti auye kuzotaura shoko rimwe chete. Uye anovhenganisa maV ake nemaW. Aindibvunza kuti ndinorangarira here nguva yekuShawano kwaanogara. Pane murume akafira mumusangano chaimo, akazviwisira pachigaro chake akafa, muLutheran. Uye takaita kuti vanhu vose vanyarare. Ndokutaura Shoko RaShe pamusoro pake, akamuka kuopenyu. Zvichiri kuvagombera, vanoda kuti tidzoke zvakare.

3 Uye ndanzwisisa kuti kuFrance, mangwanani ano, pane varume veFrance vanodarika zviuru zviviri vari pakutsanya kwemazuva akati kuti vachaenda nemharidzo kuFrance muchiFrench. Nyika yese yechiProtestent, chikamu chenyika ndechechiProtestent, nyika yeFrance. Uye naizvozvo isu tiri ....

Yava kutanga kutumbuka zvino. Ichangotanga ... chikwande chiri kufururika kuti gorosi riwarike kunze uko zvino. Maona? Naizvozvo ingorambai muchiremekedza, rambai muchinamata. Maona? Rangarirai, "Avo vanomirira panaShe, vanovandudza simba ravo."

Zvino, pane ... Ndakanga ... ndave kuchembera, ndikafunga kuti, "Pachava nerumwe rumutsiriro here, ndichaona imwe nguva here?" Uye ingorangarirai, kubva kumadokero kuchauya mutasvi webhiza jena. Tichafamba nzira iyi zvakare. Ndizvo. Ingorangarirai, ivimbiso, munoona.

4 Zvino, ndinoda kuti kuna Hama Leo .... Ndanga ndichitaura nezveHama Wood manheru apfuura, mukoma wavo ari pano. Hama Leo, kana imi neboka duku riri pamasaisai enhare ikoko mangwanani ano... Hanzvadzi Mercier, baba venyu vari pano. Ndakavaona manheru apfuura. Vari muno muchivako pane imwe nzvimbo, uye vanotaridzika zvakanaka nokutsvinda.

Mangwanani avakaporeswa paTabhenakeri, pakanga paine hosha hurur mbiri dzegomarara, vave kunyatsofa, uye vose vakapodzwa. Uye baba vavo, murume akwegura aiva nehosha yemoyo, vakabudiswa pazviri kuti Mwari Akudzwe. Uye vari mumusangano pano pane imwe nzvimbo. Handisi kuvaona pakati pemhomho iye zvino, asi vaiva pano nezuro manheru.

5 Kwaziso kwamuri mose mhiri kwenyika, muno munzvimbo inoyevedza yeLife Tabernacle pano paShreveport, nechaunga chakazara chakatsvikinyidzana kuitira Sunday school. Munoziva, dai ndaigara kuShreveport, ndisingatauri zvinopokana nemunhu, asi ino ndiyo nzvimbo yandaiuya kukereke, ipo pano paLife Tabernacle. Iri harisi sangano. Life Tabernacle, nhasi, itabhenakeri yemasangano akasiyana-siyana. Vakabuda musangano nokuti vakandigamuchira nemharidzo yandinoparidza iyi. Hama Jack Moore, hama yangu neshamwari, vakadzingwa kubva kumasangano nokuti vaiwadzana neni. Uye naizvozvo ndinofunga kuti vanofanirwa kurumbidzwa. Ndizvo. Mwari Avaropafadze. Musimudze maoko ake mumunyengetero, mutende pamwechete naye.

6 Uye zvino Hanzvadzi Moore, handina kwandinovaona, ivo...Hongu, kumashure uko. Vanoratidzika semusikana muhombe agere uko mangwanani ano, vakanyatsopfeka, mbatya itsva, uye ingangoratidzika sechipfeko cheIsita. Zvino zvaitaridza ... Hama Jack vakanga vasingatombomuziva ivo pachavo, zvino... Hanzvadzi Moore.

Zvechokwadi tinosuwa Anna Jean, naDon, uye vose zvavo. Ndafara kusangana neHama Nolan, ndoumwe wevasonganiri pano.

7 Uye Hama Ernie, ndakavakumbira nezuro kuti vagoimba rwiyo irworwo "Ameni." Ndinarwo parekodhi, uye ndasakadza chinhu ichocho nekuchiteerera, "Ameni." Ndinofunga vane inzwi rakakodzerana narwo; rwunokunda chero rwupi zvarwo. Uye Judy muduku, ndamucherechedza. Vaviri ava, vanenge vakangofanana nehanzvadzi nehanzvadzi. Havaratidze kudaro here? Ivo murume nemudzimai. Tarisai mumwe nemumwe wavo, maona hongu 'ka, vakangofanana. Uye vaviri vakawanana vakaisvonaka kwazvo. Ndizvo, munoziva, ndizvo... Hama Palmer vachangobva kukwidza masitepisi endarama, ndiye mwanasikana wavo nemukuwasha. Uye ndizvo... Iye mupiro zvamazvirokwazvo pakudzidzisa kwavo mwana zvakanaka. Uye vane vamwe zvakare, vashumiri vakaroora zvakare, uye ava ndivo vavhangeri mundima yavo, nevamwe. Naizvozvo zvakanonaka.

8 Handisati ndaona Hanzvadzi Palmer. Chokwadi, handizivi kuti ndaizovaziva here kana ndakavaona, kana kuti kwete. Vari pane imwe nzvimbo, hongu, mumusangano. Kumashure kwekumashure uko. Mwari Akuropafadzei, Hanzvadzi Palmer.

Moyo wangu unodendera pese pandinozvifunga. Hama Palmer vakanga vachangokwidza masitepisi, mumaminetsi mashoma, kusvikira ndanzwa kuti vakanga vaenda. Ndakatadza kuzvitenda. Billy akandifonera, mumwe munhu akanga abata...vaiziva. Takanga tiri shamwari dzakanaka kudaro, uye kuziva kuti vakanga vaenda, kwaizunungusa zvikuru. Asi tese tinofanira kuenda, zvisinei nekuti tiri vanaani. Tinofanira kuenda mumwe nomumwe. Asi pane chinhu chimwe chete, "Ngatinzwe mhedziso yenyaya yacho yose: Itya Mwari, uchengete mirairo yaKe: nokuti ndizvo zvakafanira vanhu vose." Muparidzi 12.

9 Zvino, handina nguva yakawandisa yechidzidzo cheSvondo ino, uye inzwi rakashoshoma.

Hongu 'ka, Hama Peary Green vakaita chinhu chakanaka. Vakandinzwa ndichitaura, manheru apfuura, "Ndakoshiwa kachipenga kangu kebvudzi kuti ndidzimiririke...." Vakadanira mumwe munhu ipapo vachiedza kuti kauyiswe nokuchimbida. Ndikati, "Wanonoka, ini ndatoshoshoma." Ndakaedza kwemakore kuti ndiwane chimwe chinhu chandaigona kuita, asi pandakachiwana ichocho, kushoshoma kwakapora. Asi ndakanganwa panguva ino, naizvozvo ndati shoshomei zvishoma. Naizvozvo mudiitira moyo murefu, kana muchikwanisa, pakutaura.

10 10.Zvino vangani vanofarira Sunday school? Oo, ini zvangu, ndizvozvo. Kunhu kwakanaka kutumira vana vako. Kwete, regai ndipagadzirise ipapo, kunhu kwakanaka kwokuunza vana venyu, kuunza vana venyu; nemiwo munouyawo. Vangani vanoziva kuti Sunday school yedu yakatanga sei? Zvakabva kupi? England. Yakatanga ichinzi kudii? Chikoro chevemamvemve. Ndizvozvo, inonzi "Chikoro chevemamvemve." Ndakanganwa zita remurume akaimisikidza. Zita rake raiva ani? [Mumwe munhu anoti, "Robert Raikes."] Ndizvozvo, ndizvo chaizvo. Uye akaita kuti vana vadiki ava vabude mumigwagwa—vakanga vaine mamvemve, uye vachishaya kwokuenda, uye zvakaipa zvikuru—uye akavaunzamo ndokutanga kuvapa zvidzidzo zveBhaibheri. Uye chakakura kuva imwe yemirairo mikurusa yekereke, potse potse, nhasi, Sunday school. Zvakanaka kuenda 'ko. Iva nechokwadi chekuuya, uye nevana vako. Ndinofunga kuti tabhenakeri pano ine vadzidzisi, makamuri ane midziyo, mazera, nezvimwe zvakadaro. Uye imi vatendeuki vatsva vari kuuya kuna Kristu, teverai mharidzo. Huya pano paLife Tabernacle, uye vachakuitira zvakanaka.

11 11.Zvino, manheru ano tichava nemutsara wokunamatirwa wechinyakare. Tichangonamatira vanorwara sezvataimboita, Hama Jack neHama Brown.

Ndinorangarira ndichiona Hama Brown vachiedza kupa makadhi okunamatirwa, uye kuti ivo vaiva mushumiri pachavo sei... Uye mumazuva iwayo, vachiva musangano ravaimanikidzira, munoziva. "Ndiri hama yako pachinhu ichi, unozviva. Unofanira kundiendeseka ikoko." Oo, zvirokwazvo vakange vaine nguva yakaoma, asi vakaramba vari pachokwadi sekutendeseka kwose. Hama Brown mumwe murume akaisvonaka. Uye naizvozvo tinomuda.

12 12.Uye ndinoona isu tose, tiri vatatu tichiva ... tichikambaira tichienda kuukweguru, kumagumo. Chingave chinhu chinowisa zvikuru dai tisina kuisa matiri chinhu chikuru icho chatinoziva kuti ichokwadi. Tave kugadzirira kudzokera kwatakabva rimwe ramazuva ano, kudzokera kuhujaya hwedu zvakare, kuti tisazo... miviri yedu yashandurwa, yoitwa kuti imire mukufanana naYe. "Nekuti kana tabhenakeri iyi yepasi pano yatinogara ichiparadzwa, pane imwe yakatomirira."

13 13.Uye chikamu chinovonga chazvo, shamwari inodiwa, kuti Ishe Jesu Anodiwa.... Imi munovimba neni kuti ndikuudzei chokwadi, Ishe Jesu Anodiwa, mamwe mangwanani nenguva dzinenge dzesere, regai ndione nyika iyo. Zvino, changa chisiri chiratidzo, nokuti ini... handidi kutaura izvozvo. Chero zvazvaive, zvaive zvechokwadi sezvandiri kutaura nemi pano. Zvino, ndakaona zviso zvevanhu ivavo, uye handina kukwanisa kuvaziva, vakanga vadzoka kuita vadiki zvakare. Uye vaingova mazvirokwazvo se... Ndaibata maoko avo nezvimwe. Sezvakanogaita ...

14 14.Zvakandibatsira, nokuti ndaimbove nepfungwa yokuti kana munhu afa, munhu womukati wake aibuda. Asi zvino paAkataura izvozvo kwandiri, kuti "Kana iyi tabhenakeri yepanyika yatinogara ika... tine imwe nechekare." Maona? Uye tinofanira kuva nezvose muzvitatu kuti tive nekukwaniswa. Maona? Uye pane mutumbi mumwe pano, kwoita mutumbi iwoyo unova mutumbi wekudenga, uyezve nemutumbi wakabwinyiswa mukumuka. Maona, zvinozvipa kukwaniswa. Naizvozvo i... Hadzisi ngano, hadzisi pfungwa, hausi mweya. Murume nemudzimai semi, chaizvo.

15 15.Uye zvino, makore apfuura, ndakaona nharaunda dzevakarasika, uye ndaivako. Ndinokuudza, shamwari, semutana, rega ndikunyengeredzere kune izvi, munyika yose mangwanani ano, usatomboda kuona nzvimbo iyoyo. Hapana nzira zvachose yandaigona ... dai ndaiva mhizha makunyora ndiine runyoreso, ndaisagona kutara chimiro chacho. Semushumiri, handina kukwanisa kwekutsanangurirai. Ukataura nezvegehena senzvimbo inopisa, inopisisa zvakapetwa kamiriyoni kupinda izvozvo, zvinotyisa zvinofambidzana naro.

16 16.Uye denga-kana kuti nzvimbo iyi, kwose kwayakanga iri, handizivi kuti ndingaitumidza kuti chii. Akainongedza ikoko senzvimbo yemweya iri pasi peartari—asi kwayaiva, handina kumbo ... hapana imwe nzira yokutsanangura nayo kukura kwakwakaita. Pane... Zvino, unofanira kungatora shoko rangu, ndingori munhu. Maona? Asi zviratidzo izvi zvinogara zvichiitika sezvandakakutaurirai, uye munoziva kuti chimwe nechimwe chaive chiri chechokwadi, ndicho chokwadi zvakare. Chero zvaunoita, kana ukapotsa zvimwe zvese (hutano, simba, kuona kwako, chero zvazvingava), usakupotsa ikoko. Hapana chingaenzaniswa nako. Hapana shoko mumutauro wechirungu, randinoziva, rinogona kukutsanangura. Kana ukati "kwakakwana," kunopfuurira izvozvo; "kwakanakisa," kunopfuurira izvozvo; "kunohwinya..." Hapana mashoko andinoziva anogona kuratidza zvakuri, nokuti kwakanga kwakadaro .... Uyezve, kuzvifunga, hakungapi mugumo wezvakuri. Ndakafunga kuti, "Ini ndaitya kuuya kwakadai here?"

Ndikati, "Munodya here?"

Zvikanzi, "Kwete kuno. Isu hatidye kuno, asi kana tadzokera panyika tichagamuchira mutumbi watinodya mauri."

17 17.Zvakanaka, ndaigona kuvabata. Vakanga vakangadaro. Maona? Uye ivo... Ndikati, "Zvakanaka, mune..." Oo, hongu, vane mutumbi. Haisi ngano, mutumbi. Tinozivana. Vese vaindiziva, vaindimbundira, mamiriyoni avo.

Ndikati, "Zvakanaka, ndinoda kuMuona Nyakundiunza kuno."

Vakati, "HauMuoni iye zvino, unofanira kumirira."

Ndakati, "Mandigadzirei pakasimudzirika?"

Zvikanzi, "Waiva mutungamiri muhupenyu."

Zvino ndikati, "Munoreva here kuti vose ndevakwaBranham?"

Akati, "Kwete. Ndivo vawakatendeutsira kuna Kristu." Maona?

18 18.Ndakaringa-ringa, uye ipapo usiku hwose hwakaoma nekuedzwa zvakapfuura, uye ndaiona zvivo zvavo. Mumwe mudzimai wechidiki akaenda 'ko, mumwe wemadzimai vakaisvonaka kwazvo, ndokubva angondimbundira nemaoko ake, akati, "Hama inokosha." Zvino paakapfuura... Zvino, aiva mudzimai. Asi imomo, hamuzombovi nechivi. Manzwira edu anoshandurwa ikoko. Havazoiti vana, ikoko. Maona? Maona, zvose zvakafanana.

Chinopa mutsauko, manzwira. Ndicho chikonzero ndisingatendi mukudzanha. Hapana munhurume... Ini, pamberi paMwari neBhaibheri Rangu, ndakararama zvakachena saizvozvi, muhupenyu hwangu ndichiri mukomana muduku, muhujaya hwangu hwose. Chero musikana wandakambofambidzana naye, ndinogona kufamba ndichidzokera kumutongo naye. Maona? Asi hapana murume, handinaei kuti ndiwe ani, angarega mudzimai (muchimiro chake chohudzmai) azvimbundikire padyo neye; kana uri murume chaiye ane hutano, akasava nemanzwira. Asi akanga asiko, kwakanga kusina manzwira; manzwura avo vose akafanana, maona. Kungochena, kusina kusvibiswa kwehanzvadzi nerudo rwehama, kupfuura zvazvingave ne... kunyangwe... kumbundira mwanasikana wako mudiki. Maona? Mwanasikana wako pachako. Asi iye munhukadzi uye iwe uri murume, waona, zvinogona kugadzira chimwe chinhu. Asi ikoo hazvigone kudaro, chivi hakuchina, zvese zvapera. Maona? Chairwo ... chairwoirwo, rudo rwutsvene.

19 19.Ipapo ndakatarisa mudzimai uya. Pairatidzika semamiriyoni avo ipapo, uye vose vane vhudzi refu, nenguo chena dzaisvika pasi. Uye uyu aitura neni akati, "Haumuzivi here?"

Ndikati, "Kwete."

Akati, "Akanga ari mumakore ake ekumakumi mapfumbamwe pawakamutungamirira kuna Kristu."

Tsitsi dzinoshamisa, inzwi rinotapira sei! Hapana nzira yekumbozvitsanangura kuti chaive chii. Ingogamuchirai shoko rangu kana muchinditenda. Ivai nechokwadi chekupisa mazambuko ese epasi shure kwenyu.

20 20.Ndinotenda kuti kereke yava kutanga kunzwa mharidzo, uye yotanga kunzwisisa. Asi shamwari, teererai. Tinofanira kusasikwa muhupo hwezuva, tinofanira kuibva. Rutendo rwedu harwuna kuibva. Nehungwaru tiri kunzwa mharidzo yatakapiwa naMwari, uye tichiona zviratidzo zvaAkatiratidza, uye Achizvisimbisa neBhaibheri kuti ndizvozvo, asi, haiwa, kereke inofanira kusasikwa sei muhupenyu hwaKe kusvikira yapfava, yatapira muMweya kuti iwombekwe maUri. Dzimwe nguva mukutaura mharidzo unokwasharara, unofanira kuripamura saizvozvo, nekuti unofanira kurovera mbambo kuti ribate. Asi kana kereke ichinge yangozvibata, vakasanangurwa vanoshevedzwa vopatsanurwa (zvino muhupo hwaMwari), ndinoziva kuti ichava chimwe chinhu chakaita sevanhu vaivako painopinda pakubvutwa kwayo.

21 21.Ndaizotaura mangwanani ano pamusoro "PoKubvutwa," asi handina inzwi rakakwana rokuzviita,

uye mundiitire moyo murefu kwechinguvana, sezvandinoda kutaura maererano nechidzidzo chinoti: “Nzvimbo YaMwari Yega YoKunamatira.”

Zvino, chidzidzo chikuru kwazvo. Naizvozvo ngatinamatei zvino. Uye mundima mose mangwanani ano, kwose kwamuri, kotamisai misoro yenyu kwechinguvana. Nyatsopererai zvino. Tava kupinda muShoko RaMwari, Rinova Mwari muchimiro chetsamba.

22 22.Munyori Mukuru webhuku rino, “Imbeu,” tinodzidziswa kudaro, “yakakushwa nomukushi.” Akadaro Munyori. Zvino, tinoona kuti mbeu inokura kana iri muvhu chairo. Naizvozvo, Baba, Mungabvisa here mangwanani ano minzwa nerukato, nekusatenda, nepfungwa dzekupokana kubva mumoyo yedu; kuti Shoko RaMwari Rikure pachena, Richidiridzwa neMweya mumoyo yedu? Kuti isu tive vanhu vaMwari. Zviitei, Baba. Ndizvo zvatinoshuva mumoyo. Kwete kunesu chete takaziva izvi, asi dai pakava nevamwe munyika yose, moyo womumwe nomumwe wavo uchipfuta nerudo nounyoro, vachaenda kunoedza kuhwina hama yakarasika, hanzvadzi yakarasika. Zviitei nhasi, Mwari. Tiri kutarisa zvizere kwaMuri, nokuti NdiMi Nhungamiri Yedu naShe Wedu. Naizvozvo tinonamata kuti Mutitungamirire muShoko ReNyuru nhasi, uye Mugotipa maropafadzo eNyuru. Nenyasha dzeNyuru neMuZita ReNyuru tinozvikumbara. Amen.

23 23.Zvino, ngatitorei sechidzidzo chedu... Ndinoda kuverenga kubva mubhuku raDhuteronomio, Testamente Yekare, kungova namaruramiro emaGwaro. Ndine zvinyorwa zvisvishoma zvandanyora nekukurumidza mushure mekunge ndadzoka kubva kukudya kwamangwanani neHama Vaile.

Handina kuzombotenda murume wepahotera, resitorendi iya, humwe husiku, akatibhadharira kudya kwemanheru. Mudzimai neni nekasikana kangu taiva ikoko, zvino pandakaenda kunobhadhara mari yangu, mumwe munhu akanga aibhadhara. Chero angava ani, ndinokutendai. Zvikanzi, “Murume akagara kumucheto kwebhenji.” Hongu, makanga mune boka rose imomo rataiziva. Zvino, ingangova ichinzi Kickapoo, zvakada kudaro, nzvimbo iri kunze uko, resitorendi yataive. Ndatenda, chero angave ani akaita izvozvo. Mumwe nemumwe wenyu, Mwari Akuropafadzei.

24 24.Zvino, muchitsauko 16 chaDhuteronomio, kuchengetwa kwePasika. Naizvozvo tinoda kuverenga nezve mavhesi mashoma ekutanga, mana kana mashanu ekutanga, mavhesi matanhatu pano:

Rangarira mwedzi waAbhibhi, uchengete pasika [kureva kuti “Kubvumbi”] ... Jehovha Mwari Wako: nokuti nomwedzi uyu waAbhibhi Jehovha Mwari Wako Akakubudisa paEgipita nousiku.

Naizvozvo unofanira kubayira Jehovha Mwari wako pasika, yamakwai nemombe, panzvimbo inotsaurwa naJehovha Mwari Wako, kuti Agarise Zita RaKe 'po....

Unofanira kudya zvingwa zvisina mbiriso mukati mayo; uchadya chingwa chisina mbiriso kwamazuva manomwe ipapo, ... pawakabuda panyika yeEgipita nekukurumidza: .... unofanira kurangarira zuva rawakabuda naro panyika yeEgipita mazuva ose ohupenyu hwako.

Uye hapachazovi ... chingwa chisina mbiriso ngachirege kuonekwa kwauri panyika yako yose kwamazuva manomwe; uye nyama yamunobayira, pazuva rokutanga madekwana, haifaniri kutongosara usiku hwose kusvikira mangwanani.

Haufaniri kubayira pasika mukati merimwe ramasuwo, aunopiwa naJehovha Mwari Wako:

Asi panzvimbo yakatsaurwa naJehovha Mwari Wako, kuti Agarise Zita Rake 'po, ndipo paunofanira kubayira pasika madekwana, kana zuva rovira, panguva yawakabuda nayo Egipita.

Zvino dai Ishe Awedzera maropafadzo aKe pakuverengwa kweShoko RaKe.

25 25.Zvino, maikorofoni ine kakutatamura inzwi mukati mayo here? Nezuro manheru ndakanzwa kuti dzaidaro. Muri kunzwa zvakanaka here, kwese kwese? Hamusi kunzwa. Zvava nani here? Zviri nani here, kutaura nemaikorofoni dziri pasi seizvi? Ndangoti shoshomei zvisvishoma, naizvozvo ndakamira pedyo mangwanani ano nechinangwa ichocho, uye ndinovimba kuti Hama Peary vanokwanisa kuzvibudisa ipapo. Munozvinzwa zvese here? Ndinofunga vazvigadzirisa. Zvakanaka.

26 26.Zvino, chinhu chandinoda kutaura pamusoro pachu mangwanani ano ndechokuti Mwari Ane nzvimbo imwe bedzi yokuti munamati angasangana naMwari, nzvimbo imwe chete. Mumazera mazhinji vakaitsvaga nzvimbo yakavanda yaMwari iyi, nemumazera ose. Nyangwe Jobho aida kuziva kwaAigara, “Dai ndaingoenda kumba kwaKe ndikagogodza pagonhi raKe.” Jobho aida kuwana nzvimbo yokugara yaMwari, nokuti ipapo Mwari nemhuri yaKe vanonamatwa pamwe chete.

Sezvanezuro, mumharidzo nezuro mangwanani, tinoona kuti pane mukana wokuti munhu anamate Mwari pasina, nokunamata kwechokwadi. Mwari Akatigadzirira zvinhu zvese izvi, asi nyaya yacho ndeyekuti, tinofanira kutsvaga kuti tiwane kuti zviri papi. Pauro akaudza Timotio kuti atsvake, uye kuti ave mumwaka yakafanira uye isakafanira, akagadzirira kutaura shoko retariro yakanga iri maari.

27 27.Zvino zvinhu izvi zvose zvirimo. Uye tinoona.... Dzimwe nguva ndinoda kuuya kuShreveport

kwatichangova nemavhiki maviri kana matatu tichingotora maminetsi makumi matatu ehusiku uye tichidzidzisa. Maona? Ingogara muShoko, ndima idzi dzakavandika (maona?) matinogona kuona kuti tingapinda sei. Uye ingotarisi. Ingoteverai kutungamira kwaMwari, pane kiyi imwe chete pasuwo rega rega. Ndizvo. Uye hapana imwe kiyi, zvisinei kuti inoratidzika sei, Mwari haAna imwe kiyi yakachekeswa. Anongova nekiyi imwe chete. Uye zvino, unofanira kuva nekiyi iyoyo, kana mukova hauzokiyinuki. Hazvina mhosva kuti wakaperera sei, haugoni kukiyinura gonhi iroro.

28 28.Zvino, vangani vaiva pakudya kwemangwanani nezuro, kana mamwe mangwanani aya? Zvakanaka, ndinofunga kuti vazhinji venyu, vangangoita makumi mapfumbamwe kubva muzana venyu kana kudarika. Kutsigira izvi, zvandichataura, Davidi aive mambo akazodzwa, akazodzwa naMwari. Mambo mukurusa ati akambova neIsraeri, kusiya kwaIshe Jesu (Anova Mwari) Muzodziwa. Davidi mwanakomana wake... kana kuti, Jesu Aive Mwanakomana WaDavidi maererano nedzinza, nyama. Uye iYe Achagara pachigaro choumambo chaDavidi somumwe ... Uchatora nhaka idzoke, muchinda wamambo anogara nhaka chigaro chamambo.

Cherechedzai, zvino, kuti Davidi paakazodzwa, asi nechizoro chaiva nacho, akabuda mukuda kwaShe nechizoro ichocho. Uye vanhu vose, vasingatore mafambiro eGwaro kana kiyi yechizaruro ichi, vose vakazodzwa zvakare, ivo vose, pamwe chete, vachidanidzira nokurumbidza Mwari nokuda kwechinhu chairatidzika zvakanaka: kudzosa Shoko RaMwari kuimba yaMwari. Asi Dhavhidhi akanga ari mambo, kwete muprofiti. Maona? Paiva nemuprofiti munyika wokuzviita naye, uye Mwari haAna kukudza kufamba kwese nekuti havana kumboshandisa kiyi chaiyo. Mukova hauna kukiyinuka. Uye zvino tinofanira kuzvirangarira, tozvichengeta mupfungwa. Pane, zvose zvaMwari, nzira imwe chete yazvinofanira kuitwa nayo, zvotokwana. Zvino ikoko Mwari Aiva neimwe kereke yaAnosangana nevanhu mairi, uye Achakugamuchira mukereke iyoyo kwete mune imwe kereke.

29 29.Ndataura izvi nokuti nguva zhinji ndanga ndisinganzwisisi, uye vanhu vakandiudza....

Ndinoti, "Uri MuKristu here?"

"Ndiri muBaptist."

"Uri MuKristu here?"

"Ndiri muMethodist."

"Uri MuKristu here?"

"Ndiri muPentekosti."

Maona manje, hazvirevi kana nechimwe chete kuna Mwari. Uri kungodzembereka nekiyi isiyo. Asi kiyi chaiyo iriko, iriko iyo Mwari... Mwari haAna kumbovimbisa kusangana newe semuMethodist, kana semuBaptist, kana muPentekosti, kana rimwe sangano. HaAcherechedzi masangano. Anopesana naYe.

Pamharidzo refu iya, ndichaiwana kubva kuTebhanakeri munguva isipi. Uyewozve Hama Jack vachainzwa, uye muchazoonza zvamungada kuita nezvazvo, nekuti zvose zviri patepi.

30 30.Zvino, vanhu vanoita sekuti Mwari Akasungirwa kungosangana navo pahwaro hwedzidzo dzavo dzeBhaibheri. Zvino, vanhu vanoita saizvozvo. Havawadzani pachavo. VeTrinity kana vePentekosti havawadzani neOneness, kunyangwewo veOneness havawadzani neveTrinity. VeMethodist havawadzani neBaptist, nekuti mumwe ndewomurairo uye umwe mukaruvhanisti, naizvozvo havana kuyanana zvachose. Uye vanopotanidza pfungwa dzavanhu zvakkanyanyisa zvokuti vanotopesana umwe noumwe.

31 31.Ndakaenda kundonamata, pane imwe nguva yapfuura, muchiipatara. Maiva nomudzimai avete 'mo nokurwarisa, achifanira kuvhiyiwa, vaitarisira kuti afe. Mumwe mudzimai avete ipapo, ndakadanwa kundomonamatira. Ndikati kwaari, "Zvingakukanganisai here, kwechinguvana, kana ndikanamata?"

Uye mudzimai akati, "Vharai keteni iro!"

Ndikati, "Ndine hurombo." Ndikati, "Ndanga ndichangoita munamato"

Mudzimai uyu akati, "Vharai keteni iro!"

Ndikati, "Zvakanaka, amai." Mudzimai uyu nomwanakomana wake vagere ipapo, aine kakuratidzika kenhubu. Uye ndikati, "Zvakanaka, hamusi MaKristu here?"

Mudzimai uyu ndokuti, "Tiri maMethodist!"

Ndokuti, "Zvakanaka, handina kumbokubvunzaii izvozvo. Ndabvuunza kana muri MaKristu." Maona?

Uye mudzimai akati, "Vharai keteni iro!"

Munoona, nekuda kwekuti mumwe munhu akanga asiri muMethodist aizonamatira mudzimai akanga

achifa, sokufa kwaakanga achitoitawo naye. Asi nokuda kwekuti zvakanga zvisinei nechekuita nesangano rake, mudzimai uyu haana kuda kuzvinzwa kana kuve nechekuita nazvo. Kana asiye muFarise, handisakambomuona kana nomumwe chete!

32 32.Mirirai dakara manzwa Muhwezva WeChikara. Zvakanaka. Zvino, vanofunga zvino kuti sangano ravo ndiro rega rine hukama naMwari, Mwari haAkunzwi kusiya kwekunge uri muMethodist, kana muBaptist, kana muTrinity, kana muOneness, kana chimwe chakada kudaro. Handizvo!

Uye ndicho chinangwa changu. Asi kana muine chishuwo chakadaro mupfungwa nemoyo yevanhu chekururama.... Handitendi kuti mudzimai akazviita nokuti...kana mumwewo munhu. MuMethodist haangadi kusimuka kuti apesane nekereke yeMethodist nekuti aiziva kuti yakatsveyama. Munhu anofunga kuti yakarurama. Handitendi kuti Trinity ingashora Oneness, kana Oneness kuzvidza Trinity nePentekosti, nekuti anoda kusiyana. Anofunga kuti akarurama. Uye unofanira kuremekedza pfungwa dzake. Munoziva, gumbeze rinotambanudzwa nzira mbiri. Asi, rangarirai, mune zvole izvozvo, kana muine chimwe chinhu mumoyo memurume kana mumoyo memudzimai chavanotenda kuti chakarurama, ipapo panofanira kuva neimwe nzvimbo yakarurama. Sezvandagara ndichitaura, "Apo chakadzika chodanidzira kune chakadzika, panofanira kuva nechakadzika chinodaira kukudana ikoko."

33 33.Munoziva, takaudzwa kuti chisimbiso chakambofamba pamahombekombe egungwa, netsoka. Asi iye zvino hachisisina makumbo, akashanduka kuita zvisimbirisi nokuti aikwanisa .... aida zvisimbirisi paakachitora kubva panyika, mhuka ine mvvere, kugungwa. Husikwa hwakaita kuti apedzisire ava nezvisimbiso pachinzvimbo chemakumbo, nekuti aikwanisa kushambira kupfuura kufamba kwaaiita.

Handigoni kufunga zvemurume mukuru uyu zvino akaenda kumahombekombe ezasi zasi kwenyika. Zita rake raiva ani? Byrd. Vanoti akatakurira mombe mabhachi, akanga aenda nemombe kuitira mukaka, uye akadzigidzirira mabhachi emvere kuti mombe dzisapindwe nechando. Asi paakasvika ikoko, vakanga vasingadi chero jasi remvere, husikwa hwakanga hwadzimeresa. Maona? Sei? Kumusana kwehove kusati kwave nechimbi, paitofanira kuva nemvura yekuti igotuhwina kana kuti hayazombova nechimbi. Pasati pava nemuti waizomera panyika, paitofanira kuva nenyika kutanga kuti ukure mairi, kana kuti pangadai pasina muti.

Naizvozvo, munoona, kana paine chimwe chinhu mumoyo wemunhu chinodaidzira kune chimwe chinhu, panofanira kuva nechimwe chinhu kunze uko chinopindura, kugutsa kudanwa ikoko.

34 34.Mudzimai.... Ongororo yechitunha yakaitwa pano imwe nguva yapfuura pamudzimai akanga afa. Uye chikonzero, vanoti, chakamuuraya, aidya hanyanisi nguva dzose, nguva dzose. Dai akanga asiri kuya hanyanisi, musoro wake ungadai uri kuvava, nezvose; havana kugona kuzvinzwisisa. Naizvozvo vachibata basa rekuongorora chitunha, vakawana zibundi mumudzimai uyu reimwe ndudzi rezvizenga. Vaiva nezita raro. Uye vaigona kutora bumhu iroro ndokuisa muniro yehanyanisi, uye rakanyungudutsa hanyanisi usiku hwose. Maona? Chaiva chii? Chaive chimwe chinhu chiri mumudzimai a-chaidanira kuhanyanisi. Uye dai pasina hanyanisi, pangadai hapaizova nebundu.

Nemamwe mashoko, panofanira kuva neMusiki kutanga, kusati kwava nechisikwa. Maona?

35 35.Zvino, kana mumoyo wemunhu muine chishuwo, seMethodist, Baptist, Presbyterian, Catholic, nevamwe vose ava, vachiedza kutsvaga nzira imwe chete yechokwadi ... uye vanoudzwa nevaprisita vavo nevafundisi nevakadaro kuti "Iyi ndiyo nzira yechokwadi." Vanoti, muprista anoti, "Hakuna ruponeso kusiya kuburikidza nekereke yeKatorike."

Zvakanaka, kereke imwe neimwe inotora pfungwa dzayo. Vamwe vavo havazvibvumi, asi vanozviita nemaitiro avo. Kuita kwako kunotaura zvinonzwika kupfuura mashoko ako. Chingori.... Neimwe nzira, vangori vanyengeri kupfuura maKatorike. Makatorike anozvipupura kuti, "Ndinotenda kuti ichi ndicho chinhu choga," asi ivo havazviiti sokudaro. Vanozvivanza, asi maitiro avo anoratidza zvavari kufunga. Maona?

36 36.Zvino, panofanira kuva nenzvimbo imwe chete, nokuti pane chido mumoyo womunhu chokuiwana. Uye ndinofunga kuti Shoko RaMwari Rine mhinduro yezvole zvatinoda. Naizvozvo Mwari Ane mhinduro, uye ngatiitsvakei zvino muMaGwaro. Zvino kana Mwari Akatiratidza neMaGwaro nzvimbo iyi yega, hwaro dzega, (sangano rega, kana zviri izvo), nzira yega iyo Mwari Anosangana nayo nemunhu, tinofanira kubatirira kwazviri nokuti tawana chokwadi CheBhaibheri, zvaRinotaura.

37 37.Zvino, shoko rokuti Dhuteronomio, shoko iroro pacharo, rinoreva kuti "mirairo miviri," shoko rokuti Dhuteronomio. Uye Mwari Ane mirairo miviri. Mirairo miviri: mumwe wacho kusateerera Shoko, uye wofa; uye umwe wacho kuteerera Shoko, worarama. Ndiyo mirairo miviri. Uye Dhuteronomio zvinoreva mirairo miviri iyoyo. Yose yakanyatsoratidzwa kwatiri muGwaro. Umwe wacho rufu, umwe wacho hupenyu. Hupenyu nerufu. Mwari Anoshanda muhupenyu chete, Satani murufu chete. Uye izvi zvakaridzwa pasirese pachena, pachena pamberi pemeso ese, uye hakuna chikonzero nokuda kwazvo. Umwe wacho wakaridzwa paGomo reSinai pakapiwa murairo, wakatongera rufu kurudzi rwose rwomunhu; umwe

wacho wakapiwa paGomo reKarivhari, izvo zvakaunza hupenyu kurudzi rwose rwevanhu, pakabhadharwa mutongo muna Jesu Kristu. Mirairo miviri yaDhuteronomio yakazadzikiswa muzvinhu zviviri izvi zvikuru.

38 38.Ndinoda kuti mucherechedze 'zve, kuti pakanga paine sungano mbiri dzakapiwa. Imwe sungano yakapiwa kuna Adhamu, iyo yakanga iine zvisungo, somurairo: "Kana musingabati chinhu ichi, muchararama; asi kana mukabata chinhu ichi, muchafa." Waiva murairo. Zvino kwakava nemumwe murairo wakapiwa kuna Abrahamu, wakauya nenyasha, usina zvisungo: "Ndakakuponesa iwe nembeu yako inouya shure kwako." Ameni! Ndiwo mufananidzo weKarivhari, kwete mufananidzo wesungano yaAdhamu, isungano yaAbrahamu.

Asi zvino tinoMunzwa Achitaura kuti pane nzvimbo imwe chete yaAchasangana nemunhu kuti anamate. Mazvinzwa muno muGwaro. Tichanongedza kwariri, zvakare, mumaminetsi mashoma.

39 39.Zvino kana paine nzvimbo imwe chete iyo Mwari Anosangana nomunhu, zviri nani kuti tingwarire. Zvino ngatiise parutivi tsika dzedu mangwanani ano, muchidzidzo cheSunday school ichi, uye tive nechokwadi chokuti tinoiwana nzvimbo imwe chete iyoyo. Nekuti Mwari Ataura pano kuti haAngakugamuchiriyi kune imwe nzvimbo. Chero imwe kwereke yaAsingazokugamuchirei mairi, muKereke YaKe chete, ndino munzvimbo chete yaAnokugamuchirai.

Zvino, "Mati kudii 'ko, Hama Branham? Kana ndiri pakurevesa here?" Kwete.

Rangarirai, Jesu Akataura navamwe vanhu vaiva pakurevesa, vanamati vezuva raKe, uye Akati, "MunoNdinamata pasina." Kunamata kwechokwadi, kunobva pakadzika pemoyo yavo. "MunoNdinamata pasina, muchidzidzisa sedzidziso mirairo yavanhu," zvitendwa zvesangano. Vakaperera, nokuremekedza, vari vanamati sezvavanokwanisa. Uye zvakanga zvisiri zvitsva kuvaFarise chete. Kaini naAbheri, vanamati vaviri vokutanga vakaberekwa, kuberekwa kwepanyama pano panyika, vakauya mumuitiro mumwe chete.

40 40.Kaini aiva munamati saAbheri. Vose vakavaka atari. Vose vaida Mwari. Vose vari vaviri vakapa zvibayiro. Vose vari vaviri vakanamata. Vose vaibvisa chegumi. Vose vakaita zvole zvakafanana. Asi Abheri, nokutenda, chinova chizaruro—chakazarurwa neShoko RaMwari, zvakajeka, zvichiratidzwa, nokusimbiswa. Girori! Kaini akapa chibayiro, asi Mwari haAna kuchisimbisa. Mwari Aida kunamatwa, uye Kaini akapa chibayiro, asi Mwari haAna kuzvichimbisa. Asi kuburikidza negwara rechokwadi....

Munoti, "Zvakanaka, kereke yangu ndiyo chaiyo. Yangu...."

Mira zvishoma. Mwari AnoZvidudzira Shoko RaKe Amene maererano nezvisungo zvaRo zvaAkataura mazviri. Maona, Kaini akati, "Ndinonamata. Ndinoda musiki wangu. Ndinopira kwaMuri atari iyi yakaisvonaka. Ndinokupirai chibayiro ichi. Ndakavaka zvinhu izvi zvole, Ishe, nokuti ndinokudai. Abheri akataura zvimwe chete 'zvo. Zvino, ndiye anosimbiswa, ndiye akasimbiswa. Zvino Mwari Akaburuka Ndokugamuchira chibayiro chaAbheri, nokuti nechizaruro akanga abata gwara rechokwadi raMwari rakagamuchirwa.

41 41.Zvino cherechedzai kuti mweya waKaini wakadzika nemuGwaro, kusvika muzuva rino rokupedzisira chaimo. Zvenheyo here? Ari wenheyo sezvaiva mumwe.

Tarisai muporofita Baramu nomuporofita Mosesi. Vose vari vaviri vaine aritari nomwe, aritari dzaJehovha, ropa richiva pane imwe neimwe; kwete izvozvo bedzi, asi makondohwe pane imwe neimwe. Mukuhwerengedzwa kwehuhwandu, nemo nemo pahuhwandu, nomwe, "kukwaniswa," hondohwe nomwe. Zvakanyatsofanana, maritari aya maviri. Zviri zvenheyo sezviva mumwe, ndizvo zvaiva 'wo mumwe. Asi ndiani akasimbiswa naMwari? Maona? Uyu aiva muShoko RaKe. Kuva wenheyo hakuna chirevo chikuru; zvazazorora pachizaruro chaMwari.

42 42.Zvino pafunge! Varume ava, nemhaka yei vakadanwa ndokuiswa muchinhano ichoco (ivo vaFarise vava) na Jesu, Ndokuvati, "MunoNdinamta pasina"? KuMunamata. Kunamata kwezvokwadi, kunamata kwechokwadi kunobva mumoyo yavo. "MunoNdinamata pasina." Nei? "Munodzidzisa tsika dzavanhu sedzidziso, naizvozvo munoshaisa simba mirairo yaMwari pavanhu."

Kana ndikaunzirai mharidzo yeMethodist, haizovo nokubata pamuri. Ino inguva yemwenga. Dai Mosesi akadzidzisa mharidzo yaNoah, hayaizova nokubata. Dai Jesu Akadzidzisa mharidzo yaMosesi, hayaizova nokubata. Nekuti mbeu yakafanooterwa irimo umo inozongodiridzirwa nemhando yemvura yakapiwa kuitira mbeu iyoyo. Haizokuri pasi pamamwe mamiriro ezvinhu. Mamiriro akaikomberedza ndiwo anofanira kuimeresa.

43 43.Zvino, unogona kutora zai rehuku woriisa mumushina wokutsotsonyesa, kana richifanira kuva pasi pehuku, asi richachochonya zvakadaro. Riise pasi pembwanana raizochochonya. Kudziya, ndicho chinhanho chinoriita kuti richechenyure. Naizvozvo rinofanira kunge iri pasi pemamiriro ezvinhu iwayo. Unogona kutora zai mhenyu rakanaka woriisa pasi pehuku yakafa, harichochonyi. Nhanho dzinodiwa ndidzo dzinotarirwa.

Zvakanaka, ndizvo zvazviri munguva ino yatiri kurarama mairi. Unofanira kuwana nzira yaMwari yokuzviita nayo kuchizvarwa chino. Ndizvo zvakaonekwa naMartin Luther, ndizvo zvakaonekwa naJohn Wesley, ndizvo zvakaonekwa nemaPentecosti muzera ravo. Zera raMwari munguva yekuzviita.

44 44.Zvino, vaPentekosti. Hama iya, iyo... Ndinotenda kuti rimwe reziso rake rakanga rakabva, imwe hama yechitema yakatanga mharidzo yePentekosti muCalifornia, Azusa Street yekare. Akasekwa, uye nekuti aive munhu mutema akasekwa, asi akauya neshoko rezera iroro. Kamunhu kaduku kenya kasingakwanise kunyora zita rako pachako, asi Ishe Akanga Amuarurira kuti rino rakanga riri zera rokudzoreredzwa kwezvipo izvozvo, uye zvakauya. Hazvinei kuti chii chakataurika, chakauya. Asi munhu wose akapinda muhupo hwazvo, ndokuona kuti raiva zera iroro, ndokuona Mwari Achisimbisa kuti vanhu ivavo vaigona kutaura nendimi, nezvimwe zvakadaro, zvikaiteka. Asi zvino paakaenda ndokuzvirovedzera kuti "uhwu ndihwo humbowo hwega," zvakaabva zvaurawa. Maona? Zvinoenderera mberi, maona. Ndizvo zvakaabviita. Vakabva vatanga kupatsanura izvi, izvo, nekuita masangano; uye mumwe ari kuuya ari mugore, uye mumwe wacho anouya ari mugwenzi. Uye o, ini zvangu, zvoenderera mberi zvakadaro.

45 45.Ndizvo zvinoita masangano. Maona? Mwari haAsi Muvambi wesangano, nokuti sangano iBabironi, uye haAsi Muvambi wenyonganyonga. Tinozviona zvese... Haufanire kunge uine njere kuti uzvione. IBhabhironi! Tsika. Zvifungei, imi vanhu vakaperera. Zvino, zvakadaro, nokuti vanotenda izvozvo, zvichiri zvakananira kuti pave nenzvimbo imwe yakaperera apo panosanganikwa naMwari.

Zvino cherechedzai vhesi yechipiri: "Namatai panzvimbo yaNdakasarudza." Chibairo, chokwadi, kwavainamatira, kwavaipira. "Nzvimbo yaNdakasarudza. Kwete zvamakasarudza, zvakasasarudza navanhu, asi izvo zvaNdakasarudza. Imi munonamatira panzvimbo ino." Pane zvinoratidza kuti pane nzvimbo imwe chete. Zvimwe hazvina maturo. Haifaniri kunge iri yekusasarudza kwako, asi inofanira kuva sarudzo yaKe.

"Zvakanaka, ini handichafanire kuenda kukereke." Kana kuti, "Imi mune chiono chisingabatsiri! Hongu 'ka, munotopopotera madzimai pamusoro pokuparidza, kana kuti madzimai pamusoro pokugera bvudzi ravo, uye varume pamusoro pezvimwe zvinhu izvi. Hongu 'ka, mune chiono chiisingabatsiri!"

Zvakanaka, haufaniri kutora Shoko RaMwari pamusoro pazvo. Enda hako kunze uko kwavanoita saizvozvo. Maona? Uye muchaona kuti zviru muGwaro, naizvozvo, "VanoNdinamata pasina." Jesu Akataura pamusoro pechinhu chimwe chete 'cho. Maona?

46 46.Asi pakaduku kose, pazvose, munofanira kutendeka mazviri. Muzambiringa muduku nguva dzose ... makava maduku anoparadza muzambiringa. Dzimwe nguva unosiya... Hazvisi zvinhu zvikuru zvaunoita, zvinhu zvidiki zvaunosiya usina kuita. Rangarira, ngetani yakasimbira pane hutera hwayo. "Vakaropafadzwa avo vanoita mirairo yose yaMwari, kuti vave nekodzero yokupinda 'mo." Ita zvese zvakananirwa naMwari.

Kana zvakananirwa kuti madzimai ngaave nevhudzi refu... Unoti...Mumwe munhu akandiudza nguva shoma yapfuura, akati, "Handiparidzi chinamoto chezve mapfekero."

Ndikati, "Naizvozvo hausi kuparidza evhangeri."

Mwari Akazvironga ipapo, Akataura zvokuita. Uye iwe wozviita... Chimwe chiya icho ndechepanyama, chinogamuchirika nepfungwa. Kaduku kapi zvako ... zvidiki zvisingakosheswi. Jesu Akati, "Vakaropafadzwa avo vanotora zvinhu zvidiki zvese, vanoita chidiki." Uye mudzimai, kuti arege vhudzi rake rikure, zvinongova... naizvozvo, chinongova chimwe chinhu chaanokwanisa kuita, uye haatomboiti zvakanadaro. Haatomboite izvozvo.

"Haiwa, tidzidzisei zvinhu zvikuru."

Ungadzidzise sei zvinhu zvikuru iwe usingaite zvakaifava, zvakaifairika? Nokuti, munoono, vavariro yako nechinangwa chako zvakaipa.

47 47.Irwo rudo rwako kuna Mwari. "Ishe, handinei nekuti Mungada kuti ndiitei , ndonoshuvira kuzviita." Ipapo une kwawava kuenda. Asi ukasazviita nenzira iyoyo, nenzira yaAkati zviite nayo...

Kusasarudza kwaKe. "Nzvimbo yaNdakasarudza." Ndipo pamunonamatira nechibairo chenyu."

Kaini akauya nechibayiro chake, Abheri akauya nechake 'wo. Zvinoenderana nenzvimbo yaunozviendesa. Kana ukazvipinza munzvimbo yaAkasanangura, zvinenge zvakanaka, Achazvigamuchira; kana zvisiri izvo, haAzvigamuchire. Hazvinei kana chiri chibairo chimwe chete, chingava chii, chakangorambwa, kusiya kwekunge chaunzwa kune imwe nzvimbo iyoyo.

Zvino tinoda kuona kwatinoda kuunza chibayiro ichi. Dai takwanisa kuziva .... Tose tinoda kuenda kudenga. Handizvo here? Uye isu tese tinoziva kuti takatadza. Tese tinotenda kuti Jesu NdiYe Chibairo. Zvino tinoda kuziva kwokuMuendesa, zvichagamuchirwa. Maona? Ndizvo. Bhaibheri Rinotiudza kwatinofanira kuchiendesa, uye chinozogamuchirwa; kunze kwaizvozvo, hachigamuchirwi.



48 48. Ngaticherechedzei pano zvakare nzvimbo yaAkasarudza kuti chibayiro chiitwe, nzvimbo yaAkasarudza kuisa chibayiro. Haukwani kuchiisa pane rimwe remasuwo aya, asi nzvimbo yaAkasarudza kuti chiiswe, Akaisawo Zita RaKe panzvimbo iyoyo. Ndizvo zvaAkataura pano. Akasarudza kuisa Zita RaKe mairi. Zvino ngatinzverei MaGwaro pamusoro penzvimbo iyi, nokuti ndiyo nzvimbo yaAkaisa Zita RaKe.

Zvino ngativerengei kubva muchinyorwa. Uye ndine katsamba kari pano mangwanani ano, huyai kwandiri. Ngatitorei vhesi yechipiri yechitsauko chino. Zvino, handisi kuda kukubatai kwenguva yakareba, nokuda kwevanhu vari pasaisai renhare kunze uko. Zvino vhesi yechipiri yechitsauko 19 ichi:

Naizvozvo unofanira kubayira Jehovha Mwari Wako pasika, yamakwai ako nemombe dzako, panzvimbo inosarudzwa naJehovha Mwari Wako, kuti Agarise Zita RaKe 'po.

49 49. Zvino, haungatore izvi ... kuperera kwako, nezvose zvaunoda kureurura, haungagoni kuzviendesa kuartari yeMethodist, kuartari yeBaptist, kuartari yePentekosti. Asi pane artari pane imwe nzvimbo yaAkasarudza kuti iYe ... kuti Aise Zita RaKe mairi, uye Aizosangana newe panzvimbo iyoyo. Zvino, kana ukaita kuti zvinhu zvose zvifambe nemazvo, zvichafamba; zvinhu zvose zvakarongeka. Kana pane kugumhanha muwaya iyoyo, chiedza ichocho hachibatiri, nokuti moto urikuraswa. Kana ukatora rimwe reMaShoko aMwari kana imwe yenzvimbo dzaKe, uye mumoyo mako uine zvinangwa zveudyire, zvinonoshaisa simba kusimba raMwari ipapo. Kana ukazviita nokuti unoda kungwara, unoda kusiyana nomumwe munhu kana chimwe chinhu, ipapo rinoshaiswa simba. Zvichaputitsa katambo kemoto. Warasika. Unofanira kuuya nekuperera, nemoyo wako wese. Zvivavariro zvako nezvinangwa zvako zvakaiswa pana Mwari. Zvino tsvaga nzvimbo yaKe, tsvaga paAkataura, uye nacho ikoko. Maona?

50 50. Tarirai Marita naMaria. Jesu paAkadzoka, mushure mekunge Avadzidzisa evhangeri iyi (chiedza chezuva raKe, iYe Ari Mesiya), Akavengwa, Akarambwa. Haiwa, vaFarise nemakereke vaiMuzvidza. Asi Razaro akanga afa, hama yakanga iri shamwari yepamwoyo kwaAri. Akamurega achivata ipapo; vakaMudana, asi haAna kuuya.

Asi cherechedzai Marita, maitiro ake. Akati, "Ishe, dai Maiva pano [ndokuMupa zita madunhurirwa akafanira: Ishe, vara guru I-s-h-e; Yahweh, Jehovha—Grori!] dai Maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa." Hupenyu nerufu hazvigone kubatana mugwara rimwechete, kana muimba imwechete. "Mungadai... Angadai asina kufa."

Jesu Akati kwaari, "Ndini kumuka noupenyu," ndizvo zvinotaura Mwari. Uye Akatanga kuti, "Hanzvadzi yako ichararama 'zve."

Akati, "Hongu, Ishe, ndinozvitenda zvirokwasvo. SemuJudha, ndinotenda kuti kuchava nekumuka kwevakafa; uye ndinotenda kuti hanzvadzi yangu yakanga yakavimbika uye yakaperera pakunamata. Uye ndinotenda kuti NdiMi Mhesiya uYa, zvakataura muBhaibheri, nokuti Mwari Achisimbisa Shoko RaKe Mamuri zvinoratidza kuti Muri nhume yenguva ino. NdiMi Mesiya uYo. Ndinotenda kuti NdiMi Kristu Aizouya, nokuti mabasa eNyu anopupura kuti Mwari AkaKutumai pano kuti Muve Mesiya iYeYe." Oo, ini zvangu! Tarisa uone magiya akatanga kupinda panzvimbo zvino. Maona?

51 51. Zvino, akanga aine kodzero yokuti, "Nemhaka yei Musina kuuya kuzomutsa hanzvadzi yangu? Sei Musina kuzomupodza? Makapodza vamwe. Shamwari yeNyu chaiyo yepamoyo, tarirai Muone zvakaitiika." Kwete, kwete. Chivavariro chakadaro hachina kwachinosvika.

"Ndinotenda kuti Muri chaizvo zvaMunozivikanwa nazvo muGwaro. Ndinotenda kuti Mesiya Anofanira kuuya muzuva rino. Tainge takazvitarisira. Handinei nezvavangataura zvose. Ndinotenda nemoyo wangu wose kuti zvakadaro nokunzwa kuburikidza neShoko, kuti Shoko Rakasimbiswa maMuri, kuti iMi NdiMi Mesiya iYeYe." Maona, muhwendefa yemoyo wake akanga aine chekubvunza, asi aifanira kuuya negwara chairo.

52 52. Ko dai akamhanya 'ko ndokuti, "Uye iMi Mondidza kuti NdiMi Mesiya! Uye Musina kana hanya, pasina kuve murume kwaye kuzere, kwokuti Mugopindurawo chikumbiro chedu; patakakupai iMi zvokudya tokakupai iMi pokugara nezvakadaro, tikamira neMi, tikasiya makereke edu, sekutiraira kaMakaita kuti tigobuda maAri masangano aya. Uye hapanoi takamasiya, uye ikozvino tava varambiwa nokuidzwa vapanduki. Uye nazvose zvatakakuitirai iMi, asi mazviri Mukarega kuva nehanya dzokudavira pakudana kwangu." Zvino, pachokwadi, akanga aine kodzero iyoyo.

Sezvamunotaura pamusoro pebvudzi rakagerwa, "Ndiri chizvarwa cheAmerica, ndinogona kupfeka zvikabudura, nokuita chero chandinoda kuita. Hazvisi zvokutyora murairo." Ikodzero dzako, asi gwai rinogaro kumukidza kodzero dzaro. Kana uri gwayana, hauna chimwe chaunacho kusiya kweshinda, rinozvikumikidza zvose izvozvo. Ndidzo kodzero dzaro dzarakapiwa naMwari, asi rinodzikumikidza.

53 53. "Ndine kodzero yokuva nhengo kuchero sangano." Ndizvozvo chaizvo, asi unozvikumikidza izvozvo. Waona?

Akakumikidza zvose zvaiva nekodzero kwazviri, kucherechedza Shoko RaMwari Rakaratidzwa mberi

kwake chaiko.

Akati, "NdiNi kumuka nohupenyu: uyo unotenda maNdiRi, kunyangwe akanga akafa, asi uchararama: Ani naani anorarama anotenda maNdiRi haazofi. Munozvitenda here izvi?" Maona, pane kachidimbu kamwe chete komutsara kaakanga asati abata pakari. Maona?

"Hongu, Ishe: Ndinotenda kuti NdiMi Kristu, Mwanakomana WaMwari Anorarama!" O hama, zvose zvakanga zvagadzirira zvino kutungira kubva ipapo. Maona?

"Mamuviga papi?" Maona? Uye munoziva zvakaitika.

54 54. Munoono, unofanira kupinda munzvimbo iyoyo chaiyo iYe Asati Agamuchira chibayiro. Munoono, unofanira kupinda mairi. Cherechedzai:

... munzvimbo iyo ichasarudzwa naShe kugadza Zita RaKe ipapo.

Hamufaniri kudya chingwa chine mbiriso mairi;...

Zvinopa mucherechedzo wei muchibairo? Usachisanganisa nechero chitendwa, Rinongofanira kuve Shoko. "Pasina chingwa chine mbiriso." Mbiriso ndiyo.... Munoziva zviri mbiriso mune chero chinhu. "Mbiriso shoma inowodza mukanyiwa wose," mukanyiwa wose ndiwo mutumbi. Haugoni kuisa kana kanoti n'ape kechitendwa chesangano muna Kristu. Kwete, changamire. Hazvishande.

Munorangarira mharidzo yeChina chapfuura here? Murume wako wekare anofanira kufa. Ndizvo. Murume wako mutsva iShoko.

... kwamazuva manomwe muchadya chingwa chisina mbiriso imomo, ...

"Mazuva manomwe," zvinopa mucherechedzo wei izvozvo? Huzaro hwamazera amakereke manomwe, mazuva manomwe. Nemhaka yei vaifanira kuchidya kwamazuva manomwe? Vasati vadii? Vasati vabuda. Uye zera rose rizere rekereke, kubva pakutanga kusvika pakuguma, rinofanirwa bedzi kurarama kuburikidza neShoko RaMwari Rakatairwa zera iroro. Naizvozvo chitendwa chenye chechiRoma, Methodist, Baptist, nezvitendwa zvePentekosti zvakafa zvose.

55 55. Zvino cherechedza:

... imomo, kunyangwe chingwa chokudzimbikana; [kuzvitambudzirwa; Luther, Wesley, vaPentekosti vose vakatambudzwa, sezvauchaitwawo] nokuti munobuda kubva munyika yeEgipita nokuchimbidza: ... mungasara nemuzuva iro ... rangarirai zuva ramakabuda kubva munyika yeEgipita kwamazuva ose ohupenyu hwenyu.

Uye hapazovi nechingwa chine mbiriso chingazowoneka pamuri munharaunda dzenyu dzose kwamazuva manomwe.

Uye Mwenga wakanaka WaKristu, mushure mokufa kwaKe muMazera Erima nokuda kwehutongi hwechiRoma, mukuti Akafanira kufa. "Kusiya kwetsanga yegorosi inowira muvhu...." Chikomba chaifanira kuuya, humhizha hwakakwana hwaMwari. Makanzwa maharidzo yangu yose maererano naizvozvo.

56 56. Pandamira mhiri muLos Angeles paForest Lawn rimwe zuva, uye moyo wangu wakakwakuka. Vangani vakambosvika muForest Lawn? Pane chivezwa chaMosesi, chakavezwa naAngelo, ndinotenda kuti ndiye. Michelangelo. Chivezwa chakazvikwanira, zvose kusiya kwepabvi rokurudyi; pane gomba ringava rakadzika kwe-inch imwe chete. Uye nhungamiri ... Ndakanga ndichitarisa, uye akanditsanangurira nezvazvo. Akati, "Michaelangelo akanga atora nguva yake yose mukuedza kuumba.... Aiva muvezi wamabwe, akanga achizama kuumba chimiro chaMosesi. Seri mupfungwa dzake akanga aine kuratidzika kwaifanira kwakaita Mosesi. Uye ndokutora nguva yake yose; achichizera zvisoma apo, nokukweshwa, odududza ochitarisa. Gore pamusoro perimwe akashanda pachiri. Pokupedzisira, pachakapera, uye ndokudududza ndokuisa jira rake pasi nesando, akatarisa chivezwa ichi, chakanga chiri nemo nemo-chimiro chaMosesi chaakanga ainacho mumoyo wake-kusvikira akasangana musoro ndokutora sando ndokuchirova. Akadanidzira kuti, 'Taura!'" Chinonzi Humhizha HwaMichaelangelo. Chinhu chikuru ichocho chiri muchivezwa, chiratidzo ichocho chaaive nacho chezvaifanira kunge zviri Mosesi, zvaingopa mucherechedzo waMwari Baba.

57 57. Akanga AinaYe mumoyo maKe, nheyo dzenyika dzisati dzavambwa, iYe Mwanakomana, nokuti iYe NdiBaba. Asi zvakanga zvichiri muzvizenga zveShoko RaKe. Uye Akasika munhu, uye Akatozomuisa pakuzvisarudzira, asi munhu uyu akawa. Asi Mwari Muvezi Mukuru, Nyakusika munhu kubva muguruva renyika, haAna kuzvigamuchira izvozvo. Akatangazve kugadzira munhu. Uye Akaita Noa, akafa akadhakwa. Akaita Mosesi akatadza kuchengeta Shoko RaKe. Akaita vaporofita vanomhanya munguva yedambudziko. Uye Akaramba Achivaka nokuumba kusvikira mushure mechinguva Akada humhizha hunoMuratidza, hunhu hwaKe, zvaiva mumoyo maKe zvafanira kuva mwanakomana.

58 58.Rimwe zuva zasi paJorodhani, mushure mekunge basa rohumhizha riya ragadzirwa nekuumbwa, ipapo Akauya Achifamba pamapapiro enjiva, Akati, "Uyu NdiYe!" Akafadzwa kwazvo nehumhizha uhu kusvikira AkaMurova paKarivhari, zvekuti Aizofira isu tose takanga tisina kukwana; kuti kubudikidza nekudeurwa kweropa raKe Agounza mabasa ohumhizha makuru mazhinji, mukuva mwenga, kuMwanakomana WaKe. Humhizha hune mavanga nokuti shungu dzaMwari, kuona humhizha hwakadaro, AkaMurova nokuda kwedu tose. Maona? Ipapo ndipo paAkafira, kuti tikwaniswe isu tisina kukwana. Basa rohumhizha.

59 59.Cherechedzai, muno umu Akati:

... mazuva manomwe muchadya chingwa ichi chisina mbiriso ...

Zvino, chingwa chakafananidzirwa. Jesu Akati, "Munhu haangarami nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe." Kwete shoko nje-e pano neapo, semutendero ungadiwa namasangano kuti uzvitende nawo. Asi Shoko RaMwari Rakakwana! NdiMwari pachaKe muchimiro chetsamba, chinonzi "mbeu". Uye rudzi chairwo rwekutenda kusina kusvibiswa muShoko iRoRo kunounza mbeu iyi kuhupenyu hwayo.

Ndizvo chaizvo zvamunoona pahusiku mukunzvera, nezvimwe zvinhu zvose izvi, nokuti ivimbiso yakaitwa naMwari. Uye Akamira neni Ndokundiudza izvozvo, Ndokundiudza kuti ava "vanyengeri vachasimuka, asi ramba wakamira." Ndinozvutenda. Uye pasina chikonzero cheudyire chekukuvadza chero munhu, asi kuremekedza Mwari uye kuita basa raAkandidaidzira kuti ndiite, ndicho chikonzero ndichitaura zvinhu izvi. Uye Mwari Anozvisimbisa zvakare, uye Anogamuchira mupiro nechibairo, nokuzvisimbisa kuti ichokwadi. Hazvina mubvunzo kwazviri! Zvino tarisisa Shoko iRo!

60 60.Zvino, tinocherechedza pano, "mazuva manomwe." Ndizvo zvezera rega rega rekereke. Zvino, sezvo humhizha uhu hwaifanira kufa, kuitira kuti humutsirwe kuti hutidzikinure tose, zvino Akava nekereke yakagadzwa mugwara paPentekosti. Asi kereke iyoyo yaifanira kupfuura nemuchibayiro; uye nharaunda yechiRoma yakaiuraya, ikavaisa muvhu.

Semunyori webhuku rino, handichazvirangariri iye zvino, akandiseka zvakanyanya. Ndokuti, "Pamadhimoni ose, ndiWilliam Branham." Munoono, ndizvo zvinoedza kufunga Dhiyabhorosi. Akati, "Zviratidzo nezvimwe," akati, "zvaDhiyabhorosi." Iye akati, "Kana kuti inyanzvi yokurarisa vanhu ofembera pfungwa, kana kuti ari kushanda mukunzwiswa kukuru kwepfungwa." Nharaunda yevatesvi vepfungwa inogara ichiedza kuzvifunga.

61 61.Ipapo ndipo pavakaedza kunzwiswa Jesu. "Unoita sei zvinhu izvi? Chii chakazviita?"

Akati, "Ndichakubvunzai mubvunzo. Hushumiri hwaJohane Mubapatidzi... Hwaiva hwaMwari here kana kuti hwaiva hwevanhu?" Maona?

Vakati, "Hatizive."

Akati, "NeNiwo haNdikuudzei." Ndizvozvo, ndokuenderera mberi nazvo. kubva ipapo hakuna munhu wakaMubvunza kana chinhu. Maona? AkaNgovadimbura, haAna chaAkavaudza nezvazvo. Zvakanga zvisinei navo. Akanga Aine basa rokuita uye Akanga Aripedza.

Mwari Atibatsire kuita chimwe chete 'cho. Hatifaniri kupindura mibvunzo yadhiyabhorosi. Ndizvo. "Kana uri, ita zvakati-ne-zvakati." Iwe une mungava nevhangeri iyoyo, muparidzi ane mungava, uye ndizvo. Kwete kuti zvakanorwa sei, kungozvidavirira pakuitaura.

Zvino semuranda, kana uri muprofiti, une mungava kuna Mwari. Uye kana zviratidzo zvinouya zvichivhenekera Gwaro iRi uye zvichiratidza zvaRiRi... une mungava weshoko rega rega riri muBhaibheri nekuti rakanyorwa nevanhu vakafanana nezvauri. "Mwari Wekare Akafamba, nevaprofiti, uye Akanyora Bhaibheri Dzvene." Maona? Uye hakuna muporofita waMwari wechokwadi aikwanisa kuramba shoko rimwe zvaro, asi kutenda Shoko rose nokuparidza zvakafanana. Uye zvino Mwari Anosungirwa kubva mugwara iroro kuita kuti Shoko iRoRo Riitike nenzira chaiyo yaRakavimbiswa. Mbeu ichakura.

62 62.Zvino cherechedzai zvakare, nokukurumidza. Tinoona pano kuti mazuva manomwe ose, kuti chingwa ichi chaifanira kudyiwa nemunguva nomwe dzemakereke. Zvino, payaifanira kufa yopinda muvhu...

Zvino mutsoropodzi uyu akataura nezvangu, akati, "Kuna Mwari Wamunonamata imi vanhu, Aigona kugara muNguva yeRima Achiona vanaamai ivavo, vane pamuviri, vamwe vavo vaine vana vacheche mumaoko avo, vanhu vakaperera, vachikandwa munhandare uye shumba dzichivabvambura kuita zvidimbu, ivo vachizhamba; vachivaturika pamichinjikwa vachivapisa; vachibvisa madzimai iwayo mbatya, idzo mhandara duku, vachivakandira 'mo seizvi nokuvasakidzira shumba. Akati, "Mwari Aigona kugara kudenga, Achifanira kunge Ari pachigaro chaKe, Otarisa pasi." Uye akati, "Anonakidzwa nazvo."

Naizvozvo zvino, maona, ndiwo mafungiro enjere, ari adhiyabhorosi. Dai munhu uyu aiva ari wemweya, angadai akaziva kuti tsanga yegorosi yaifanira kufa, yaifanira kuvigwa mucathedral yeRoma.

63 63. Asi zvino bukira diki rekutanga rehupenyu rakabuda mukuvandudzwa kwakauya naMartin Luther, kuti vakarurama havazorarami nechingwa chakaropafadzwa sechinoitwa nomuprista, asi neShoko RaMwari. "Vakarurama vachararama nokutenda!" Zvakaunza matavi maviri. Tsanga yegorosi inotanga kukura.

Zvino kwakauya John Wesley akawedzera pane izvozvo. (Paiva nevamwe vazhinji avo... Zwingli nevamwe vakauya ndokuramba kubereka kwemhandara, zvikangofa). Asi kwakauya maMethodist—muchekechera, mukume, zuva ramamishinari. Vakaparidza kucheneswa; akawedzera muchekechera.

vino kwakazouya maPentekosti muchikwande, zvokuti zvainyengera vasanangurwa. Yaiita setsanga yegorosi chaiyo. Ivhura, hamuna gorosi zvachose. Asi hupenyu huri kupfuura nemuchikwande.

64 64. Zvino, makacherechedza here, makore matatu oga oga mushure memusangano mukuru, zvinoitika? Sangano. Ava makore makumi maviri, uye hapana sangano. Gwayana rinodikanwa riri kufa, ngairege kumboita saizvozvo. Kana ndikaenda muchizvarwa chino, dai vanhu vanotenda mharidzo iyi vasina kumbomira vakamirira sangano! Mwari Acha... Uchafira munzira yako! Rangarira izvozvo! Nguva chaiyo yamunotaura nezvesangano pakati penyu, handinei kuti wakaperera sei, mukatora munhu kuti ave mutungamiri wenyu pachinzvimbo chaMweya Mutsvene kusimbisa Shoko iRi, ndiyo nguva yaunofa! Mbeu yechokwadi haigoni kudaro, nokuti hapana chakasara mushure membeu. Ndizvo zvimwe chete zvaiva kare pakutanga. Mwenga ndiye akawira muvhu kuti abudise tsanga yegorosi zvakare.

65 65. Cherechedzai:

... mazuva manomwe muchadya chingwa chisina mbiriso ...

Uy ndizvo zvichava mwenga...

Zvino imi vanhu vaiva naamai vava veMethodist vaishevedzera nezvakadaro, zvokuti makashamisika kuti, kana vasingatauri nendimi, havasi kuzova 'ko. Inhema idzodzozo! Vaingova Mweya Mutsvene Mumwe chete waunaye nhasi, asi Waiva muchimiro chemuchekechera, kwete kudzoreredzwa kwezvipo. Asi mazuva manomwe ose ingodya chingwa chisina mbiriso, Shoko. Vaya kumashure, uko vakaita sangano, vakafa, vava shanga. Vachangounganidzwa vopiswa. Asi hupenyu huri kuenderera mberi. Uye chii chakaitika? Hupenyu hwose hwaiva mudzinde, muchekechera, muchikwande, hwose hunoperera mugorosi. Uye Mweya Mutsvene iWoYo Wakaunza Luther, Wakaunza Wesley, Wakaunza maPentekosti, Unogumira mumwenga pakumuka.

66 66. "Udye chingwa chisina mbiriso mazuva manomwe." Hapana mbiriso ichawanikwa pakati pemwenga, hapana shoko rinowedzerwa, kana chinhu. Rangarirai, shoko rimwe chete rakakonzero rufu rwose rwuri panyika. Mwana wose wehupombwe akaberekwa nokuti Evha, kereke yekutanga, mwenga waAdhama wekutanga, akapokana Shoko RaMwari ndokugamuchira zvesangano, kana zvenjere, kana zvinopesana zvechikoro; nokuti zvakafunganywa, kuti "Zvirokwazvo, Mwari NdiMwari Akanaka." Mwari NdiMwari Akanaka, asi NdiMwari Akarurama. Tinofanira kuchengeta Shoko RaKe! Chokwadi. Akazvigamuchira.

Ndipo apo vamwe venyu imi vakomana vekuseminari, pasina kupokana mune kudanwa muhupenyu hwenyu, asi munomhanyira kune chimwe chikoro cheBhaibheri kunobairwa dzidziso iyi mamuri; uye ndipo pamunofira. Garai naMwari neShoko RaKe. Havakutenderi. Haukwanise kana kuva nhengo yeungano yavo, kana kukugamuchira papuratifomu. Naizvozvo ngavave nayo, regai vakafa vavige vakafa. Ngatitevere Kristu, Shoko.

67 67. Zvino, kwamazuva manomwe hakufaniri kuva nembiriso yakavhenganiswa nomwenga, mukereke, kwamazuva manomwe.

Mucherechedze zvino:

Mazuva manomwe mbiriso haifaniri kutongovonekwa pauri panyika yako yose [chibairo apa mufananidzo: mwenga unobuda muchibairo, anova Kristu]; uye hapachazovi nechinhu chero chipi zvacho chenyama, chaunobayira pazuva rokutanga manheru,...

Uye rangarira—rangarira mapindire atakaita mumazera emakereke? Nhume kukereke inouya nguva dzose pakufa kwerimwe zera rekereke, nguva dzose. Kufa kwePentekosti kunounza kubvutwa kwemwenga. Maona? Kufa kwaLuther kwakabereka Wesley. Maona? Kufa kwaWesley kwakaunza Pentekosti. Kufa kwePentekosti kunounza mharidzo zvino. Pano, zviri pano, zvakatevedzana neGwaro Rose. Mubhaibheri hamuna rumwe rugwaro kusiya kweanokochekerana zvakana kune rimwe. Maona? Mifananidziro yose iyi. Handina dzidzo, asi ndine Mweya Mutsvene Anondiratidza kuburikidza neimwe nzira yaUnodzidzisa kubva mairi—kubva muzvisikwa—uye izvo zviri neShoko. Rinofanira kuva Shoko, Rinounza vimbiso yaKe.

... nyama, ... chibairo pazuva rokutanga ... kunyange, chinosara usiku hwose kusvikira mangwanani.

68 68. Zvino, kunyange Luther, aive nechokwadi uye akadzidzisa kereke "vakarurama vachararama

nokutenda,” haudi kunamatira pazviri kuva dzidziso izere muzera reMethodist. Uchaita sei? Zvipise nomoto. Yaiva mifananidziro yei? Sangano rinobuda muShoko ndiro chikwande, dzinde. Mashanga anofanira kupiswa nomoto. Chikamu ichocho chesangano chayakapinda namo hachifaniri kuramba chiripo, chinofanira kufa. Usarirega kusvikira paparurwa rimwe zera, mapise! Ari kutaura zvino nemwenga pano, mwenga chete, ari kuuya nemuzera rega rega.

Cherechedzai kunaka kwakaita, “Ropa regwayana.” Izvi ndiwo mutumbi waKristu, chibayiro, ropa regwayana riri pamukova. Zvino, rangarirai, gwayana rakabayiwa, waiva mufananidzo waKristu.

Kana kuti tinogona kutora nguva yakawanda, asi handina mamwe maminetsi mashoma ekuti ndigare pano. Ndinogona kungomira ndotangidza zvakare manheru anhasi, munoona, nokuti tiri kutora nguva refu. Ndine mapeji makumi maviri epano ekuti ndiende, munoona, pachidzidzo chimwe chete ichi.

69 69.Cherechedzai. Zvino pane izvi, gwayana rakanga riri Kristu muchimiro chokufananidzira. Kana kuti ndazvitaure zvakanaka here? Kristu, Kristu Aive Gwayana. Aifanira kuva hondohwe, wekutanga panamai vegwai; kana kuti “gwai gadzi,” chero nzira yaunosarudza kuzvidana nayo. Rinofanira kunge riri rokutanga ravo. Rinofanira kutanga raedzwa kuti zvionekwe kana riine gwaya.

Zvino, Kristu Akaedzwa—gwayana rokutanga kubva panamai gwai, Maria mhandara. Uye Akaedzwa nei? Satani achipikisa Shoko. Paakarova Evha, akawa; akarova Mosesi, akawira pasi; asi paakauya achipesana naKristu, akaedza kuMudzokororera MaGwaro zvisiri izvo, akaona kuti uyu akanga asiri Mosesi. Maona? Akaedzwa. Akaita sei...? Akacheuka, akati, “Kana uri Mwanakomana WaMwari. Zvino vanondiudza kuti unoita minana, uye vanondiudza kuti Mesiya Anofanirwa kuzvita. Zvino, kana zviri izvo, Une nzara, haUna kudya, shandura zvingwa izvi zvive ... mabwe awa ave chingwa, Udye.”

Akati, “Kwakanyorwa kuchinzi, 'Munhu haangarami nechingwa bedzi.'” Chitendwa chako, nezvimwe zvakadaro. Asi nei? Shoko Rose! Chikamu cheShoko here? “Shoko Rose Rinobuda mumuromo maMwari.” Ndizvo zvinoraramisa munhu. Maona? Gwayana Rakaedzwa, kuona kana paine paRingawira.

70 70.VaFarise, “Oo Rabhi, iMi muprofiti wechidiki, tinofunga kuti Munoshamisa. Makanaka.”

“Sei muchiNditi Ndakanaka? Kune mumwe chete akanaka, uye NdiYe Mwari. Munozvitenda here izvozvo?”

“Haiwa, hongu. Mwari.”

“Zvakanaka, NdiNi iYe, zvino.” Akati, “Pane mumwe chete akanaka. Sei muchiNditi Ndakanaka, imi musingatendi kuti NdiNi Mwari? Naizvozvo sei muchiNditi Ndakanaka? Chii chinoita kuti mudaro? Chii chakakufemerai kutaura izvozvo, imi muchiziva kuti kunongova nemumwe chete akanaka uye NdiMwari?”

“Tinoziva kuti haMuremekedzi chiremera chemunhu kana shoko rachiremba. Isu tinozviziva.” Aiziva munyengeri uya. Maona?

71 71.Akaedzwa kuti zvionekwa paAkamira, munona, kuedzwa munzira dzose, kuedzwa sekuedzwa kwatinoitwa. Asi kaAri kwakanga kusina “kukanda mapfumo pasi” zvachose. Kwete, changamire! Aiva Mwanakomana WaMwari.

Uye gwayana rakaedzwa, uye rikachengetwa kwamazuva gumi nemana. Aiva maSabata maviri iwayo, kana kuti zvizarwa zviriri. Kamwe chete kuitira vaJudha, vanova vakapira gwayana mumumvuri; kamwe chete kuvaHedheni, vakapakata Gayana chaiRo. Uyewo vose vanosvitswa pakukwaniswa kuburikidza nokutenda kuti Gwayana iRi Raizouya. Asi Akaedzwa kwegumi nemana ... kana kuti Akaongoorwa kwamazuva gumi nemana. Aiva Shoko.

Uye unogona kunzvera Testamente Yekare, wotaura uchiti inoppomera Istva, wakatsveyama! Tesatmende Yekare inogopupurira Itsva.

Mumwe murume aizoita mutsimba neni nguva pfupi yadarika, ndokuti, “Dambudziko rake nderei?” Ndokuti, “Zvakanaka, anotodzidzisa kubva muTestamende Yekare.” Muparidzi weChiKristu, zvfungei. Ndokuti, “Testamende Yekare yakafa uye yakapera.” Oo, kwete! Oo, kwete! Mukuru wechikoro bedzi. Inoratidza zvakananyorwa pachidziro, maona. Ndizvozvo.

72 72.Zvino, munoona, mazuva gumi nemana rakaedzwa. Aiva Kristu iYeYe. Zvino cherechedzai, Akaurawa panguva yousiku, Aifanira kuurawa saizvozvo, gwayana raifanira kudaro. Kristu Akafa munguva yamanheru, masakati. Uye cherechedzai zvino, zvino iYe 'wo zvakare.....

Ropa rakaiswa pazvigwatidziro zvemukova, munoona, zvinova izvo kuti roapa ndihwo hupenyu hwemhuka. “Muchadya nyama naizvozvo; asi ropa naizvozvo rinova hupenyu, ridururei.” Maona? Zvaifanira kuve... Ropa raifanira kuiswa pachigwatidziro zvemukova weimba ine chipiriso chaizogamuchirwa. Hupenyu chii? Zita. Akaisa zita romunhu..... Endai kumukova, uye mugotarira kuti muone kuti izita riri pamukova musati maridza bhera. Maona? Ropa riri pachigwatidziro chomukova

semumvuri wezvaiva chibairo chaiva mukati.

Zvino tichatsvaga nzvimbo iyi yokunamatira, tichipinda nemumu, tichiuya kuburikidza neropa iroro. Cherechedzai, ropa pamukova zvaitaura pamusoro pezita rezvakanga zvichizo... zvaiva mukati, vaiva mukati imomo. Nzvimbo yedu yekunamatira, Gwayana, iShoko. Tinozviziva izvozvo.

73 73.Zvino, vhesi 4, cherechedzai, "Musasiya chingwa, musasiya chibairo," kana kuti, kutora chimwe kubva kune rimwe zera mochiendesha kune rimwe, edzai kudzokera uye muti, "Zvakanaka, zvino, tiri vaLutheran, tinoda kukwidza kumusoro kuno."

Unofanira kufa kubva kuzera raLuther ugoberekwa kuzera raWesley. Unofanira kufa kubva kuzera raWesley uberekwe kuzera rePentekosti, hapana kana nechiiimwe chete chazvo chinofanira kusara, chipisei nomoto, nokuti chichatsva sezvakaaita shanga rakabikirwa kubva mariri negorosi. Shanga, sangano, rinofanira kupiswa. Naizvozvo usaunze sangano rako mhiri kuno mumharidzo. Herinoi Shoko zvino. Ndizvo zvakaaita sangano, iro shanga. Rakaitakura, ndizvozvo, asi rakayambukira 'mo. Zvino shanga rakafa. Chaiva chitakuri, sangano, asi Shoko Rinofambira mberi. Hongu, Shoko Rinofambira mberi.

74 74.Zvino totora vhesi 5 uye vhesi 6. Cherechedzai ... zvino ngatitorei vhesi 5 nevhesi 6:

Hamufanirwe kubaira paseka mumasuwo api zvawo, ayo amakapiwa naJehovha Mwari Wenyu:

Zvino rangarirai, "Kwete mune chero amasuwo aya." Ishe Anokutendedzai kuva namasangano aya, munoono, "masuwo aya."

Asi panzvimbo iyo Jehovha ... Mwari yaAcharudzwa kuisa Zita RaKe mairi, ...

Ndiro suwo, nzvimbo yega. Kwete mune mamwe masuwo aya, asi Mwari Ane suwo.

75 75.Unoti, "Mangwanani oga oga ndinopinda pasuwo reMethodist." Ikereke iyoyo. "Mangwanani oga oga ndinopinda pasuwo reKatorike." Zvakanaka, Ishe Akatendera vanhu vaKe kupinda nekubuda mumasuwo iwayo. Mwari Ane vanhu mukereke yeKatorike, kereke yeMethodist, kereke yePresbyterian, vose, vePentekosti. Chokwadi, asi hamunamati Jehovha musuwo iroro. Maona? Asi Ishe Ane rimwe suwo. Grori! Ane suwo.

Asi panzvimbo ichasarudzwa naIshe Mwari Wako .... kuti Agarise Zita RaKe 'po, ndipo .... paunofanira kubayira paseka madekwana, ...

76 76.Rabheka akawana rini Isaka? Erieza akamudana rini kuti ave mwenga? Nguva yemanheru!

Kuchava nechiedza panguva dzamanheru,

Nzira yokuenda nayo kuKubwinya uchaiwana zvirokwazvo;

Yakavanzwa muZita Rinokosha RaJesu;

Vaduku navakuru, tendeukai zviwi zvenyu zvose

Mweya Mutsvene Achapinda zvirokwazvo;

Zviedza zvamanheru zvauya,

Chinhu chechokwadi kuti Mwari NaKristu NdeVamwe.

Ndiwo aiva mavambo azvo, zvino wanyangadika achipinda muchiedza chomwenga. Munoono zvandinoreva?

77 77.Zviri nani kuvharira pano, ndizotange zvakare manheru anhasi, nokuti handidi kuti musiye izvi, maona. Kwete, kwete, inguva yekudya kwemanheru. Zvakanaka, ndine zvinyorwa zvakanawanda zvakananyorwa pano. Oo, ini zvangu! Ko manheru ano, zvingava nani here? Zvakanaka, munoda kungoedza mberi zvishoma? Zvakanaka, ngatienderere mberi zvishoma ipapo, tichakurumidza. Zvakadini?

78 78.Zvino, kupindai pane chii? "Musapinda pasuwo ripi neripi ramakapiwa naIshe Mwari, asi pasuwo iro Jehovha Achaisa Zita RaKe mariri." Musapinda muimba mesuwo unova mukova. Ndizvo here? Mwari Achaisa Zita RaKe pasuwo, uye imi hamuzo... Ndiro suwo rinopindwa munzvimbo yokunamatira, nzvimbo tsvene. Haupindi imomo nechibairo chako kune mamwe masuwo awa, asi pasuwo iro Ishe Mwari Anosarudzwa kuisa Zita RaKe mariri. Maona?

Zvino, Akazviita here izvozvo? Suwo iro riri kupi? Muna Johane 10 Jesu Akati, "NdiNi suwo, mukova. NdiNi mukova weimba yaMwari. NdiRi mukova wedanga ramakwai." Kwete danga rembudzi, danga remakwai. Maona? "NdiNi mukova wedanga. Munhu angapinda pamukova uyu, akachengetedzeka."

79 79.Uye zvino tinogona kumbomira pane izvozvo. Asi kuchengetedza nguva, NdiYe mukova wedanga

iroro remakwai. Zvino, tinoda kucherechedza pano. Mimvuri nemifananidziro zvinonyatso onekwa pano, asi kana ndikatora peji iroro richakutorerai chinguva chirefu.

Zvakanaka, cherechedzai, izvi zvinounza pachena, Jesu Kristu. Nokuti Testamente Yekare yose mufananidzo waKe, mitambo yose, kunamata kwose, nezvose. Zvino, ndanyora pasi apa, pasi pemutsara uyu weMaGwaro, kuti "Zvitsanangure." Ipapo ndipo pangazitora nguva yakareba. Tsanangura kuti mitambo yose sei... Kunyangwe mupiro wehupfu waiva mufananidzo waKristu. Ngatingotorai iwoyo.

80 80.Imwe nguva paiva nechikoro chainzi chikoro chevashumiri, kana kuti chikoro chevaporofita. Vakanga vadzidzira, vaporofita vakadzidza. Zvino paive nemuprofita wechokwadi, akadanwa naMwari pane imwe nguva akaenda kundovashanyira. Naizvozvo, vaida kuratidza muporofita mutana karuremekedzo, naizvozvo mumwe wavo akabuda akanonga chitsama chikuru chezvaaifunga kuti inyemba; asi akanga ari magaka ane muchetura, uye aizoapa sezvekudya kwavari vose.

Oh! Mangani mapfunde omuchetura emaseminari atakawana! Maona? Ndizvo. Vari kubika chimwe chinhu. Maona? Vane magaka omuchetura eMethodist, magaka omuchetura eBaptist, ePentekosti. Asi, munoono, ndiwo bukira rechipiri, rudzi rwunogona kupazurwa kubva pamuti. Maona, kwete mumuzambiringa mukuru. Anobereka marimu, mazambiringa, nezvimwe zvakadaro; kwete maranjisi, asi vachizviti muranjisi.

81 81.Cherechedzai zvakare. Zvino, mune izvi, Eriya paakauya ndokuvatarisa, ndokuona kuti akanga ari magaka ane muchetura aizouraya mumwe nomumwe wavo, vakati, "Haizva, tine rufu muhari!"

Akati, "Ndipei tsama youpfu." Zvino akakandira upfu mairi, akati, "Zvino zvakanaka, idyai zvaunoda." Yakashandura rufu rwukava hupenyu.

Uye mupiro woupfu wakapiwa... Kristu, Akanga Ari chipiriso cheupfu, uye mupiro weupfu unofanira kukuyiwa nehuyo inokuya zvimeu zveupfu zvakafanana. Zvinoratidza kuti haAshanduki zuro, nhasi, nokusingaperi. NdiYe chinhu chimwe chete chokuisa musangano rako uye richarama—Shoko! Kristu iShoko, mifananidzo yose yezvinhu zvose: tabhenakeri, chingwa chechirairo, zvose. Chingwa chakatyoka pasi pendiro waiva mutumbi waKe wakatyoka, zvekuti maJuda havasati vakwanisa kutsanangura kuti sei vachizviita. Maona? Uye zvimwe zvinhu zvose izvi zvaiMufananidzira.

82 82.Zvino, zvino, iYe Achionekwa, tinoona zvino masangano ose nezvitendwa zvakasiwa; nokuti iYe iShoko RaMwari Rakachena, Risingashanduki, chinova chingwa chisina mbiriso, Mutsvene Johane 1. Ndizvozvo. NdiYe Chingwa chisina mbiriso. Naizvozvo iwe ukawedzera ichi, kana kuwedzera icho, imbiriso yakawedzera kune izvo zvawakapihwa pakutanga.

Tarisai pano. Chii chiri kuuraya mujaho nhasi? Vanotora zvinhu uye vozvisanganisa. Uye kana ukaisanganisa, unoiuraya. "Oo, inozotaridzika zvakanyanya kunaka." Chokwadi! Chibage chomusanganiswa: mashazhara, nemimwe mingai yose zvinobva muchibage. Chibage chemusanganiswa: chakaisvonaka, chikuru kwazvo, chine madzinde akaisvonaka, uye hura hombe, zvinotaridzika zvakanaka zvakapetwa kaviri pane zviri chimwe. Asi rufu! Sayenzi yakatozviona. Maona? Usachisanganisa, chinokuuraya.

83 83.Zvino, pano apa, regai ndikuratidzei. Rimwe zuva ndaidiridza maruva pachivanze changu. Mudzimai uyu aive namaruva emisanganiswa aive mugaba diki apa, kamuti kadiki padivi pemba. Tinofanira kuzvidiridza katatu pasvondo, kana kana, kana kuti zvinofa. Uye pakanga pakamira chirimwa chepamavambo kunze muchivanze. Mvura haina kunaya ikoko kwemwedzi mitanhatu, kwakangooma kudaro... Kana ikanaya, mumaminitsi gumi unogona kupfumbura huruva. Asi kamuchinda kaiva kunze uko, kakangotsvinda nekupenya kudarika masanganiswa aive nemvura yese. Kana ukabvisa mvura iyoyo paari, achafa. Asi mvura yako kakaiwanepi? Uye chimwe chinhu, unofanira kuapfapfaidza mazuva ese kana maviri, kudzivirira inda paari. Haana, inda dzinomadya, matete uye akapfava. Asi hapana kana inda inokwira pakamuti kapamavambo. Kwete, kwete! Achakambaira ichienda pakari yokambaira achienda. Ndewe pamavambo! Munoono zvakakonzerwa nemusanganiswa?

84 84.Zvimwe chete mukereke. Vari kuedza kusanganisa sangano neShoko, kuita ... kuedza kuita kuti Shoko Ritaure zvinotaurwa nesangano. Uye kana wadaro, unofanira kuvapfapfaidza, kuvarezva sevana, nokuvapembedza kuti vaue kuSunday school, nezvimwe zvose. Ndizvozvo. Kana Mukristu wechokwadi, akaberekwa patsva, akaberekwa aine Shoko RaMwari, akakwasharara. Inda nezvinhu zvenyika hazvimunetsi. Chapungu, chinobhururuka chichipfuura nepazviri. Tarirai, chinobhururukira kudenga. Maona? Ichokwadi. Hapana....

85 85.Cherechedzai. Zvino, tinofanira kunzwisisa kuti pano, sangano, zvitendwa, nezvose zvinenge zvawedzera pachingwa chine mbiriso hazvigoni kusanganiswa nechingwa chisina mbiriso. Uye Bhaibheri Rinofanofananidzira pano mukuera, kwakupinda mukunamata, kuti hapana chisina mbiriso chaunogona kutora uye Mwari Akasachaigamuchira.

Unoti, "Ndiri muMethodist." Ipapo unofa! "Ndiri wePentekosti." Unofa!

Ndiri waKristu. Ndizvozvo. Unofanira kumira pane chimwe chinhu. Ndizvozvo. Wakamira pane chimwe chinhu.

Churchill akamboti, akasimudza zvigunwe zviviri akati, "Tawana kukunda." Uye England yakamira naizvozvo, vakatenda Churchill.

Uye kuzvitende kana kurege, mangwanani ano, wakamira pane chimwe chinhu. Pane chinhu chimwe chete chaunogona kurarama nekumira nacho, NdiYe Kristu, Shoko. Chokwadi!

86 86.Cherechedzai, hapana muBhaibheri chinofananidzira masangano kusiya kweBabhironi. Uye Babhironi rakavambwa naNimrodhi, uye Nimrodhi aive mupanduki. Aiva neboka remadzimai imomo, vaifanira kunge vari vamambokadzi vake, vaiva vaporofitakadzi. Vanotofunga kuti mukweguru Bharami anobva kuchikamu ichocho. Vaiva nemidzi nezvimwe zvakadaro zvavainamata, munoziva (vazhinji venyu vadzidzi vanoverenga Two Babylons yaHislop, nezvakadaro, nenhoroondo yekereke), uye kuti vakazviita sei. Uye vaiva nemadzimai vakaita izvi, uye madzimai ... mwarikadzi, nezvose, uye chaive chinamoto chekumanikidzirwa. Munhu wose, guta riri rose rakapoterredza Babhironi rakagombederwa kuuya kuBabhironi kuzonamata pasi paNimrodhi pashongwe. Maona? Ndizvozvo. Vakamanikidzwa kuzviita, mungakavara nazvo. Ndipo panouya nyonganyonga.

Ndizvo chaizvo zvakaita kereke nhasi. "Kana usingaendi kuSunday school, ukasaita izvi, uye uchifanira kupinzwa basa kuti uite ichi nechochocho, iwe hausu mumufananidzo wacho."

87 87.Kunze uko kuTucson, vakateerera mangwanani ano, ndakambonetseka... Ndakagara ndichimanikidzira vanhu, "Endai kukereke, zvisinei kuti munoenda kupi." Uye ndakaona vanhu vachiita sokudududza, vachienda neuku. Zvino ndakafunga kuti, "Chii chanetsa?"

Ndakaenda kune vamwe vavo, "Zuva rokutanga raunenge uripo, vachauya kwauri, 'Iva nhengo yekereke yedu.' Kana ukasazviita, haugamuchirwi." Maona? Maona? Chinhu chinomanikidzirwa, chinomanikidzirwa pauri. Maona, uye ndiyo Babhironi. Asi muna Kristu munouya nekusanangurwa, kwete nechisimba. Moyo wako unokukwevera.

Mwari Akataura kuti haAizoisa Zita RaKe muBabhironi. Tichinan'anidza zvino. HaAkwanise kuisa Zita RaKe muBabhironi, makereke. Oo, vakaisa Zita RaKe imomo, asi haAna kumbovira Adaro.

88 88.Zvino unoti, "Zvakanaka, Hama Branham!" Mirai, mirai, mirai, mirai, mandikumbira kuti nditore kanguva. Zvino cherechedzai, vakaisa Zita RaKe imomo, asi iYe haAna kudaro.

Zvino, Akati, "Nzvimbo yaNdichasangana newe kuti Ndigogamuchira chibairo chako ndipo paNdinosarudza kuisa Zita RaNgu. Unopinda nepasuwo iri, mukova uyu waNdinosarudza kuisa Zita RaNgu. Ndiko kwaunouya."

Zvakanaka, vanoti, "Iyi iChurch of Christ." Kana paine chakatsveyama muchiziviso ichocho, chakasiyirirwa izwi rimwechete: "anti." Zvose zvaAkadzidzisa, havabvumirani nazvo. VaFarise vemazuva ano.

89 89.Asi tinofanira kuwana paAkaisa Zita RaKe, nokuti imomo ndimo mune suwo raKe roga raAkapa. Amenii! Girori! Cherechedzai! Akaisa Zita RaKe papi? MuMwanakomana WaKe.

"Haiwa," unodaro, "zvino imbomirai zvishoma, Hama Branham. Akanga Ari Mwanakomana, kwete Baba."

Mwanakomana Anogarotora zita rababa vake mune zvese zvinoitika. Ndakauya panyika pano muzita raBranham nekuti zita rababa vangu rainzi Branham.

Jesu Akati, "Ndakauya muZita RaBaba VaNgu, asi hamuna kuNdigamuchira." Unoda Gwaro pane izvozvo here? Johane 5:43. Maona? "Ndakauya muZita RaBaba VaNgu, asi hamuna kuNdigamuchira." Ipapo Baba Vakaisa Zita RaVo Vamene, Rinova "Jesu," muMwanakomana. Uye NdiYe nzira, NdiYe mukova, Ndiye imba, NdiYe umo Mwari Akasarudza kuisa Zita RaKe. Mwari haAna kumboisa Zita RaKe mandiri, haAna kumboRiisa mukereke, haAna kumboRiisa muMethodist, Baptist, Katorike, asi Akariisa muna Kristu Emanuere Nyakuzodzwa.

90 90.Uye Zita RiRi muShoko nokuti iShoko. Amenii! Zvino iYe chii? Shoko Rakadudzirwa ndiko kuratidzwa kweZita RaMwari. Ndosaka ... "Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba VaNgu Vari kudenga Vakuzarurira kuti NdiNi Ani. Uye paibwe iri Ndichavaka nzvimbo yaNgu yekunamatira, uye masuwo egehena haangaizunungusi." Amenii! Imi kereke inorarama yaMwari, mirai munheyo yakasimba pana Jesu Kristu chete. Unogona kuimba rwiyo, asi kana usiri pana Kristu Shoko, uri pajecha riri kubvunda, rinonyudza. "Asi paibwe iri, Kristu, Shoko RaNgu."

91 91.Akavaka mharidzo yeLutheran uye vakaiita sangano. Yakanga ichikura, chitsiko chetsoka. Akabva Akura kupinda muchikamu chegumbo, Methodist, nezvimwe zvakadaro. Ndipo paAkavaka kereke yaKe,



paShoko RaKe! Zvino, HaAsi tsoka kana chidya bedzi, iYe mutumbi; uye zvino ndicho chikamu chekukomberwa. Makacherechedza here mupiramidhi ... zvinova zvandisiri kuparidzi nezvechinamoto chepiramidhi, zvino.

Asi Bhaibheri Rekutanga Rakambonyorwa, Rakanyorwa mudenga, nyere ...[Chibenga chisina chinhu patepi.] Mazviona here? Zvinotanga nemhandara, chimiro chekutanga munyeredzi. Mufananidzo wekupedzisira ishumba. Anouya pekutanga kuburikidza nemhandara, tevere kuuya kwaKe seShumba yerudzi rwaJuda. Izvi zvisati zvaitika, zera regomarara, gakanje, nemamwe mazera ose. Dai taiva nenguva, taipfuura nemazviri; yatinayo, paTabhenakeri.

92 92.Uye piramidhi iri nheyo idzo, kumusoro mukamuri yamambo. Uye usati wapinda rusvingo rwechinomwe, pane kapuranga kesumo ipapo, panobuda mutumwa kuzokuunza kuna mambo—nhume Johane Mubapatidzi akasuma kuna Mambo. Asi dombo remusoro rakarambwa. Uye havazivi, Dombo rePamusoro, kana chipi zvacho, havazivi kuti riri papi, nokuti ibwe rakarambwa. Asi ndiro dombo rinovhara chinhu chose, rinosvitsa piramidhi munguva nomwe dzemakereke dzizere. Wedzera nyasha, wedzera izvi, wedzera izvi, pane zvinomwe zvinowedzerwa, chekupedzisira NdiKristu. Wedzera izvi parudo rwako, wedzera nyasha kunyasha dzako, wedzera chimwe chinhu, nezvimwe, kusvikira zvasvika pana Kristu NdiYe dombo remusoro. "NdiNi mukova."

93 93.Zvino, mwanakomana anouya muzita rababa vake nguva dzose. Chero mwanakomana anouya muzita rababa vake. Uye Jesu Akati, "Ndakauya muZita RaBaba VaNgu." Zvino Zita RaBaba NdiAni? Zita ReMwanakomana NdiAni? Uye Akati, "Munguva duku nyika haichazoNdioni, asi imi muchaNdiona." Akauya muchimiro cheMweya Mutsvene, iYe Jesu Mumwe chete. Ndicho chikonzero vainamata vachiti, "O Jesu!" Maona? Maona? Baba, Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene NdiShe Jesu Kristu. Ndizvo bedzi. "Ndakauya muZita RaBaba VaNgu, asi hamuna kuNdigamuchira."

94 94.Zvino, rangarirai, Akawedzerawo pano nokutiyambira, "mumwe achauya," sangano, chitendwa. "Vachauya muzita ravo uye imi muchavagamuchira. HamuzoNdigamuchiri, Shoko Rakasimbiswa nokuratidzwa pamberi penyuu."

SezvaAiva ipapo, ndizvo zvaAri nhasi. Usazvipotsa, vanhu munyika ino yose! "Mumwe achauya, kereke, uye muchazvitenda, nokuti munogona kuita chero nzira. Handizozvisimbisi." HaAna kumbobvira Adaro, chero nguva ipi zvayo, yaAkambosimbisa chero chinhu mukereke ipi zvayo kusiya kwemharidzo yakapiwa: kururamiswa kwaLuther, kucheneswa kwaWesley, kudzoreredzwa kwezvipo zvePentekosti. Uye pavakangogadzira sangano kubva mairi, ndipo payakafa. Nzverai MaGwaro.

95 95.Asi Akati, "Ndichasarudza nzvimbo yaNdichaisa Zita RaNgu." Uye Zita Rainzi Jesu. Zvino Jesu iShoko, Mutsvene Johane 1. Ndizvo here? Ndiyo nzvimbo yekunamatira, muna Kristu Shoko. "Ndinouya muZita RaBaba VaNgu."

Muporofita akati, "Zita RaKe Richanzi Emanuere." NdiMateo 1:23, kana muchida kuzvinyora pasi. Jesu, Jehovha, Muponesi.

Zvino, vhesi yechishanu inoratidza kuti NdiYe mukova. Parizvino, humwe humbowo huzhinji husingaonekwe, suwo iri, nezita, nenzvimbo zvinokwanisa kuratidzwa kuti kune nzvimbo imwe chete iyo Mwari Anosangana nemunhu kuti anamate, uye ndipo paanenge ari muna Kristu.

Zvino, mubvunzo ndewokuti, "Tinopinda sei maAri?" Zvino, izvi zvingabaya zvisoma. Asi, munoziva, sekutora mushonga, kana ukasakusvota, haukubatsiri. Maona?

96 96.Zvino, maLutheran aida kupinda munzira imwe, nokuva nhengo dzekereke yeLutheran. VeMethodist vakada kupinda vachidanidzira. VePentecosti vanoda kupinda nekutaura nendimi. Izvozvo handizvo! Maona? Kwete, izvo zvipo, zvichingodaro. Asi 1 VaKorinte 12 inoti, "NeMweya Mumwe chete." Mweya WaMwari, Unova mupi wehupenyu kuShoko, mbeu, kusimbisa mbeu yemwaka iwoyo. Maona?

Heinoi mbeu yezera reMethodist iri apo, zvakatora Mweya Mutsvene kuita kuti mbeu iyi ive mhenyu nokunatsa kereke nokucheneswa. Luther haana kuparidza izvozvo, nokuti akanga asingazvizivi. VePentekosti vaida kutaura nendimi kuti zvipo zvidzorere. Mumwe nomumwe anoti, "Ndizvo! Ndizvo!" Maona?

97 97."Asi noMweya mumwe isu tose takabhabhatidzwa kupinda mumutumbi mumwe," uye mutumbi iwoyo imhuri, mhuri yaMwari. Uye ndiyo imba yaMwari, uye imba yaMwari iZita RaJesu Kristu. "Zita RaShe inhare yakasimba, vakarurama vanovandamo vakachengeteka."

Zvino, uchapinda sei nemadunhurirwa? Cheki yako ichatambirwa sei nekutaura kuti, "Bhadharai zvakarairwa naMufundisi, Chiremba, Mushumiri"? Maona? Unogona kunge uri mufundisi, chiremba, mushumiri. Asi Zita RaShe Ndi"Jesu Kristu." Maona?

"Ndakasarudza kuisa Zita RaNgu pamukova weimba yaNgu yokunamatira, nokuti mhuri yaNgu

ichaungana imomo pasi peropa, sezvazvakanga zvakaita muEgipita. Chipi nechipi chaiva kunze chakafa. Uye imomo hamuna chingwa chine mbiriso! Hamuna musanganiswa wesangano mairi chero napaduku pose. Imba yaNgu, vana vaNgu, vakaberekwa muzvizenga zvaNgu! Ameni! Mwari ngaAkudzwe! "Zvizenga zvaNgu zviri mavari! Ndinoisa Shoko RaNgu mavari. Ndichavanyora pamahwendefa emoyo yavo. Ndiyo mhuri yaNgu, mhuri yemutumbi waJesu Kristu—mhuri. Uye muchapindamo nemukova uyu. Kweke neMethodist, Baptist, kana Pentekosti, asi nepamukova waNdakaisa Zita RaNgu." Haisi Methodist. Zita RaMwari haRizi Methodist. Zita RaMwari haRisi rePentekosti. Zita RaMwari haRisi Baptist. Zita RaMwari haRisi reKatorike. Zvikadaro gara kunze kwemasuwo ipapo. Maona?

98 98."Asi panzvimbo yaNdinosarudza kuisa Zita RaNgu." Zvino, hapana imwe nzvimbo muBhaibheri yakapiwa apo Mwari Akamboisa Zita RaKe, kusiya kwemuna Jesu Kristu chete, nokuti NdiYe Mwanakomana WaMwari achitora Zita RaMwari, uye Zita RaMwari Ari mumunhu. "Uye hakuna rimwe zita rakapiwa pasi pedenga raungaponeswa naro." Handinei nekuti, Methodist, Baptist, Presbyterians, katikazi, chero zvamungada kuita; kuburikidza neZita RaJesu Kristu bedzi umo ibvi rose richapfugama uye ndimi dzose dzopupura kwaRiri, kuti iYe NdiYe Ishe. Ndiwo mapindiro aunchaita.

Uye kana wakangobhabhatidzwa mumvura zvakana, woramba Shoko, unenge uri wehupombwe; kuberekwa kwako kwakanga kusina kururama. Unoti wakaMutenda ipapo, asi unoMuramba.

Ndingaramba sei mhuri yangu? Ndingaramba sei kuti Charles Branham aive baba vangu? Kuongororwa kwero pamukova kunozviratidza.

99 99.Kuita kwangu, nokusimbiswa kweShoko RaMwari muupenyu hwangu, zvinoratidza kuti ndiri mwana waMwari here kana kuti kweke. Zvino, pane nzvimbo yaMwari yega. Mazviona here? Nzvimbo yega Mwari yaAnogamuchira chibayiro chako (handiei nekuti wakaperera sei) iri muna Kristu.

Uye rangarira ... Unoti, "Zvakanaka, ndakatenda kuti ndakapindawo." Rangarirai, Bhaibheri Rinoti ... Unoti, "Zvakanaka, Bhaibheri Rakati, 'Ani naani anotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana WaMwari, akaponeswa, achaponeswa.'"

Rinodaro kuti, asi rangarirai kuti zvakanorwawo, zvakare zvakanorwa, "Hapana munhu angadana Jesu kuti Kristu, asi kuburikidza noMweya Mutsvene chete." Unogona kuti ndiye, asi haadaro kusvikira Mweya Mutsvene pachaKe, uYo Anopa hupenyu kuShoko, Azvitsigira nokuzvisimbisa kuti uri mwanakomana waMwari. Ndiro Gwaro.

100 "Nzvimbo yaNdakasarudza kuisa Zita RaNgu. Musanamata mune rimwe suwo, asi musuwo raNdichaisa Zita RaNgu; ipapo Ndichakugamuchirai, muri mumhuri yaNgu."

Zvino, mhuri yaMwari inoteerera hurongwa hwaBaba Vemhuri. "Uye NdiYe Muchinda WoRugare, Mwari Samasimba, Baba Vokusingaperi; uye kutonga kwaKe hakuna mugumo, uye hushe huchava pamapfudzi aKe." Uye Iye ari Gurukota, Mambo, Emanuere, Wokutanga, Wokupedzisira, Muchinda WoRugare, Mwari Sasimba, Baba vokusingaperi, mumwe nomumwe wevana vaKe vanoteerera kutaura kwose, nokuti chikamu chaKe.

101 Tinorarama mumba medu sekurarama kwevekwabranham. Unorarama mumba mako, vekwaJonese, sekurarama kwevekwajoneses.

Uye mumba maMwari tinorarama neShoko RaMwari neRimwe neRimwe Rinobuda mumuromo maMwari; uye mumwe mubiridzira upi noupi, hatizomuteereri. Maona? "Muchadya chingwa chisina mbiriso nguva dzose dzekereke, sezvaNdinokupai iNi." Asi usaedze kudzoka uchidondhazera icho mune ichi, nokuti zvava muchiero chedzinde. "Muchatora mapfupa nezvimwe zvakasara pachibayiro muzvipise!" Zvaperera, zera rekereke rakafa, ndokuenderera mberi; tava mune rimwe zvino. Ameni!

"Nzvimbo yaNdinosarudza kuisa Zita RaNgu mairi." Oo, ini zvangu! 1 VaKorinte 12.

102 Cherechedzai VaEfeso 4:30:

... regai kuchemedza Mweya Mutsvene WaMwari, Wamakasimbiswa naWo kusvikira [rumutsiriro runotevera here?] ... kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.

...musachemedza Mweya Mutsvene WaMwari, wamakasimbiswa naWo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.

Zvino cherechedzai. Ngatishandise izvozvo pachidzidzo chedu cheGwaro. Zviri nani tiende, ndinofunga ndiri kunetesa vanhu. Vanhu vosimuka vachienda kumba, munoona, nokuti vakafanira kubika kudya kwemanheru, uye vane mumwe munhu wavari kuda kusangana naye. Vaisatarisira kuuya kuno kuzoteerera kwezuya rose. Maona? Asi tarisai, iwe munoziva ...

103 Ben, ndinofanira kukushandira! Komborerwa! Maita henyu, Hama Ben. Ndinokudai, Hama Ben.

Kana muchiziva zvatakatamburira mukomana iyeye muhondo iyoyo; apfurwa kuita zvidimbu, uye akaputika, nezvimwe zvose. Akava nehupenyu hwezvose, asi Mwari Akamuropafadza. Akaramba ari pachokwadi. Mudzimai wake akamusiya, akatiza ndokuroorwazve, akatora vana vake. Oo, ini zvangu, handigoni kuzvifunga.

Asi, zvakadaro, Mwari Akuropafadze, Ben.

Azere nezvimedu zvemabara, zvakatsimbirira tsinga dzake nezvimwe zvose. Kungo.... Munofanira kuziva mabviro ezvinhu, maona. Mwari Ropafadzai mukomana uyo. Hongu.

... wamakasimbiswa naWo kusvikira zuva rokudzikinurwa kwenyu.

104 Cherechedzai! Zvino izvi zvingangobata zvisvishoma, asi cherechedzai. Musapesane neni, ingorangarira.

Israeri yakambotarisa pamukova uyu, neropa riya pamukova, zita (ropa, hupenyu), ndokupinda nepasi peropa iri, havana kuzobuda zvakare kusvikira vabuda muEgipita.

... musachemedze Mweya Mutsvene WaMwari, waunopinda maUri uye usingachabudizve kusvikira zuva raunodzikinurwa.

Zvakanaka, Bhaibheri Rakarurama nguva dzose. Anoisia mashoko imomo, unofanira kumaisa kwaakafanira, kupa mufananidzo uzere werudzikinuro, maona. Maona?

... musachemedze Mweya Mutsvene WaMwari, wamakasimbiswa naWo kusvikira madzikinurwa. [kusvikira madzikinurwa]

105 Wakaiswa chisimbiso imomo, wava pasi peropa. Iwe hauchabudi kunze. Zvino wava chiiko? Mwanakomana waMwari mumhuri yaMwari, akasimbiswa neMweya Mutsvene. Dhiyabhorosi haakwanisi kukuwana kana aifanira. Nokuti iwe wakafa-murume wako wekare akafa-uye iwe wakavigwa, uye hupenyu hwako hwakavigwa muna Mwari kubudikidza naKristu, uye hwakasimbiswa neMweya Mutsvene. Achakuwana sei? Uchabuda sei? Uripo! Girori! Zvino ndichazvisiya; zvakanaka kuti mugoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

106 Zvino chisikwa chitsva, kwete kusangano asi kuShoko. Uri chisikwa cheShoko. Nekuti ibwe renheyo rakaiswa mamuri nyika isati yavambwa, vakagara vatemerwa kuti vave vanakomana nevanasikana vaMwari.

Zvino pakauya ibwe pamusoro pebwe, muchizvarwa choga choga, kuzosimbisa Shoko RiRi kuuya, sezvakaita Jesu muchizvarwa chaKe, rinova Dombo repamusoro pazvo zvose. MaAri makanga mune zera rose. Muna Jesu maive naMosesi. Muna Jesu maive naDavhidi. Muna Jesu maive ne vaporofita. Ndizvo here? Tarisai Josefa, akatengeswa nemari ingangoita makumi matatu esirivha, akakandwa mugomba, akafungidzirwa kuti akafa, akabudiswa, akaenda ndokuuya kuruoko rwerudyi rwaFarao. Tarirai, chaizvo, Jesu Aka ... Josefa aiva muna Jesu.

Zvino paAkauya, Aiva huzaro hwemadzimambo, vaporofita (hareruya), humwari mumutumbi hwakazorora maAri. Akauya kuzodzikinura kubva imomo mwenga, humhizha. Humhizha hunotaura kuna Satani kuti....

Paanoti, "Mazuva eminana akapfuura. Hakuna zvinhu zvakadai zvauri kutaura."

"Ibva shure kwangu, Satani." Maona? Munoono, humhizha hwakamira mubindu.

107 Pane imwe nguva Dombo repamusoro richadzoka, musoro wazvo zvose, kuzogamuchira mwenga kwaAri; zvinova izvo kuti mudzimai akatorwa kubva pamurume, chikamu chemurume. Zvizenga zvemurume zviri mumudzimai, zvinoumba mudzimai. Uye ndizvo zvakaita Shoko RaMwari mukereke, Rinoumba kereke kuti ive mwenga. Kwete sangano. Ndera dhiyabhorosi, rimwe nrimwe rawo. Handisi kudana vanhu vari mariri saizvozvovo. Vanhu vanonzwisa hurombo vakanyengerwa, sezvakataurwa naJesu, "Mapofu anotungamirira mapofu." Uye haAigona kuvadana kuti vabude.

Uye vakati, "Zvakanaka, iwe wakaberekwa nehupombwe! Ndiani akuudza kuti uuye kuno? Chikoro chipi, iseminari ipi yakakucherechedza? Tina Mosesi. Tiri ...."

Akati, "Dai maiziva Mosesi, mungadai maNdiziva."

Nokuti Mosesi akaMunyora mumabhuku ake mana, "Ishe Mwari Wenyu Achamutsa mupi weShoko, Muporofita akafanana neni, uye asingazomunzwi muporofita iyeye uchadimburwa kubva pakati pevanhu." Ndizvo zvazviri bedzi. Uye iYe chii? Shoko. Uye chinombova chii? Usasiya kana nembiriso zvayo yakasarira mu.... Usazvihanganisa nembiriso. Usawedzera kana chitendwa, kana sangano, nokuti zvaksimbiswa ipapo, chibayiro chako chaparadzwa.

108 Ngatimhanyei zvino, nokuchimbidza, kuti mugondodya.

Cherechedzai! Zvino, zvino, uri mwanakomana waMwari muimba yaMwari, uri chikamu chehupfumi hwaMwari. VaRoma 8:1 inoti, "Zvino hakuna kupiwa mhosva kune vaya vari muna Kristu Jesu." Nokuti vakafa kunyika, vapenyu maAri, uye vari kurarama muzuva ranhasi, vachiita Shoko Ravashandiswa naMwari... kana kuti, Akafanovagadza, Achiisa mazita avo mubhuku iri remwenga. Zvino kana mvura yauya pamusoro pembeu iri mumoyo, inoisimudza kusvika mukuva mwenga waKristu. Oo, ini zvangu! Zvakakwana sezvazvinogona. Muzera rose zvave zvakadaro.

109 MaLutheran, pasi pekururamiswa, tsoka, dzakaisimudza saizvozvo; Wesley, pasi pekucheneswa. VePentekosti vari pasi pemaoko, mabasa nezviito nezvimwe zvakadaro, vaifanira kunge vari maCalvinist... kana kuti vaifanira kunge vari maArminian, vaifanira kuva vemurairo. Asi zvino tasvika kumusoro, ibwe repamusoro. "Nyasha! Nyasha!" ibwe remusoro rakadanidzira.

Dombo repamusoro richidanidzira kuti chii? "Nyasha! Nyasha!" Kuyambuka kubva murufu nechitendwa, kuchipinda muShoko Rinorarama RaMwari Mupenyu. Zano rakapiwa naMwari chete rezera raKe, vanakomana vaKe muzera reShoko vakamutswa neMweya sesasaradzi inobatidzwa kubva pane chimwe chinhu kuti chirarame; uye agere zvino munzvimbo dzokudenga munguva yazvino, mupenyu kare, uye achizviisa pasi pevimbiso dzose dziri muShoko. Zvino izvo zvinoitei? Iwe uri chikamu chechizenga chaMwari, chikamu cheShoko, vamwe vari chikamu cheShoko RaMwari, vakagara pamwe chete, vanoratidza mutumbi wose waKristu, nokuti hapana mbiriso pakati penyuru. (Maona zvaAri kutaura nezvazvo, Hama Brown?) Hapana mbiriso pakati penyuru, Shoko chete, Rakagara munzvimbo dzeKudenga, pamukova paAkaisa Zita RaKe: Kristu Jesu.

110 Hakuna mbiriso pakati penyuru, zvinounza kuzara kwoumwari mumutumbi pakati penyuru. HaAikwanisa kuzviita muzera raLuther, haAikwanisa kuzviita muzera raWesley, haAikwanisa kuzviita muzera rePentekosti; asi nezva iro richazarurwa Mwanakomana Wemunhu, kuzarurwa, kudzosa kereke pamwe chete neHuMwari Hwose HwaMwari pakati pevanhu vaKe, Achiratidza zviratidzo zvimwe chete zvinoonekwa, achiZviratidza sezvaAkaita pakutanga, paAkaratidzwa panyika muchimiro cheMuporofita-Mwari. Brrr! Grori! Zvakavimbiswa naMaraki 4, zvakavimbiswa nemamwe MaGwaro. Kwamunonamatira ndekupi? Imba yaMwari, igere panguva ino.

111 Zvino, nokukurumidza, ngatitarisei zvino, uye tichaenda munguva ingava ... mumaminitsi gumi tinenge taenda, Ishe Achitendera.

Zvino ngatitarisei vamwe vakamutsiridzwa muimba iyi yaMwari. Yechizvarwa chavo.

Enoch! (Mumaminitsi gumi tinoenda, kana mukangotsungirira kwenguva iyoyo.) Tarisai, Enoch akanga ari Shoko raMwari benyu rezera rake. Aiva muprofita.

Muporofita chadzera chaMwari. Vangani vanozviziva? Chiratidziri hachizvipi chadzera pachacho, chiratidziri hachisi chadzera. Panofanira kunge paine chinhu chinorova chiratidziri kuti pave nechadzera. Naizvozvo muporofita mudziyo wakasarudzwa waMwari usingakwanise kuratidza chero chinhu zvachose, asi ari mugwara rakananga nechadzera ichocho, Mwari, kuratidza mufananidzo waKristu Shoko. Maona, hapana chimwe chinogona kuzviita. Uri chiratidziri, ndicho chikonzero muporofita aifanira kudya bhuku. Ndicho chikonzero aifanira kudya manyorwa. Aifanira kuratidza Shoko iRi Rezera iroro. Mazvibata here?

112 Tarirai Enoch, muratidziri akakwana waMwari mumufananidzo. Mwari paAkapedza naye, Akangomushandura, Akamukwidza kumusoro. Hurongwa hwaakanga hwaratidzira hwakava ihwo simba neMweya, ndokumukwidza kumusoro.

Zvimwe chete mumazuva aEriya. Eria, kunyangwe kumapfupa ake, uko kuratidzwa uku.... Muratidziri waMwari, mumutumbi wake uchiratidza Shoko RaMwari; vakaisa munhu akafa pamusoro pawo, iye akamumutsazve. Tiri nyama nepfupa raKe, chero tiri mwenga waKristu. Unozvitenda here? Zvakanaka. Akatifira, uye tinofa kwatiri uye takavigwa muZita RaKe, kuti tirege kuzovazve venyika, asi maAri, iyo mhuri yose iri kudenga inotumidzwa Zita RaJesu Kristu. Ndiyo VaEfeso 1:21. Kudenga rose ... mhuri yekudenga.... Mhuri yekudenga inonzi chii? Jesu. Mhuri iri panyika inonzi chii? Zvakanaka, ndiyo imba yaMwari mune ropa. Ndizvo here? Ndiwo mukova, ndiro suwo, ndiyo nzvimbo yaAkaisa Zita RaKe: "Zvino Shoko Rakaitwa nyama Rikagara pakati pedu." IShoko RiRi kuratidza nekutungidza zera rauri kurarama mariri. Ndizvo zvaAiva, ndizvo zvaiva Mosesi, ndizvo zvaiva Jakobho, ndizvo zvaiva zvakaita vamwe vose, vachitungidza Shoko RaMwari, chiratidziri icho Mwari. AiZviratidza. Uye kuti upinde mumufananidzo wakakwana waMwari, Jesu Kristu, humhizha hwaMwari; akarohwa kuti Atore vamwe vose vave mwenga, vanga vachiMuratidza.

113 Mosesi aiva maAri. Joshua aiva maAri. Uye kana uri maAri, wakanga uri maAri nyika isati yavambwa, mhuri yaMwari. Wakatambudzika pamwe chete naYe, wakafa pamwe chete naYe, wakaenda pamuchinjikwa naYe, wakamuka pamwe chete naYe; zvino uchiri naYe, ugere munzvimbo dzokudenga, uchiratidza mharidzo yezera kunyika, chiedza chenyika. "Imi muri chiedza chenyika," asi kana chakavigwa nedengu resangano, vachachiona sei? Netsika dzenyu munoshayisa chiedza simba! Nekuedza.... Imi masangano, muchiedza kuita kuti chiedza chibude kubva kukereke yenyu, hamupindi, kana

kuzovatendera. Ameni.

Ngatingomirai. Ini zvangu, ndine zvizhinji. Kwete, taigona kuenderera mberi.... Oo, ini zvangu! Maminiti mashanu asara.

114 Munoono kuti mukova ndiani? Mwari Akaisa Zita RaKe kupi? Muna Jesu. Unopinda sei muZita RaKe? Unopinda sei imomo? Nokubhabhatidzwa imomo. Sei? Nembura? NoMweya! "Ishe Mumwe chete, kutenda kumwe, rubhabhatidzo rwumwe." Ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

Rubhabhatidzo rwembura rwangokupinza mukuyanana nevanhu, zvokuti unocherechedza kuti wagamuchira Kristu. Ndicho chokwadi. Asi kubhabhatidzwa noMweya. Ndinogona kudaidza Zita RaJesu pamusoro pako nekukubhabhatidza, hazviiti kuti zvidaro.

Asi kana Mweya Mutsvene iWoYo Wakanyatso .... Shoko Remazvirokwazvo Rauya mauri—Shoko, Jesu —zvino, hama, mharidzo yacho haisi chakavanzika kwauri. Unoiziva, hama, yakatungidzwa pamberi pako. Hareruya! Mwari ngaArumbidzwe! Ameni!

NdinoMuda, ndinoMuda

Nokuti Akatanga kundida,

Ndokutenga rwangu rupone... (Mwari Anodiwa,

Ndinonamata kuti Mupodze vanhu ava,

Mugoita kuti umwe noumwe wavo anaye,

NeMuZita RaJesu Kristu. Ameni)

Oo! Rudo!

Oo, kubva ipapo, nokutenda ndakaona tsime iroro

Rakazadzwa namavanga vanojuja,

(kubva paHumhizha iHwoHwo)

Rudo rwunodzikinura rwanga rwuri dingindira rangu,

115 Unga...? Mwari Rudo. "Uyo anoda ndewaMwari," rudo rwohumwari, rwutsvene. Kwete rudo rune tsvina; rudo rwakachena, rwakarurama, rwutsvene, rudo rwaMwari Shoko. "Mirayiro yeNyu ndakaiviga mumoyo mangu, kuti ndirege kukutadzirai." Oo, ini zvangu, ndiDhavhidha ari kuchema. HaAshamisi here? HamuMudi here?

Zvino, pane nzira, yakachena, nzira tsvene, nzvimbo yoga yokusangana yokuti Mwari Asangane newe. Kwete nokuti unoti, "Mwari, zvino ndava muMethodist akanaka. Ndiri muBaptist akanaka. Ndiri muPentekosti akanaka." Kwete! Nokuti uri muna Jesu Shoko, chikamu cheShoko RiRi kuratidzwa nhasi, mharidzo yanhasi. Kwete yaLuther, yaWesley, yePentekosti; asi iwe uri Jesu, chiratidziro chauya mune izvi. Haukwansi kudzokera kune izvozvo. Ndiko kuwedzera mbiriso pachingwa chako chitsvene, kuti "Munhu achararama neshoko rose rinobuda mumuromo maMwari, mumwaka waro."

116 Uyai, Ishe Jesu, dombo guru repamusoro. Tarisai murakatira uri uko, weguruva remaLutheran akafa kumashure uko achipondera Kristu. Tarisai maMethodist.

MaPentekosti nevakadaro, vari kuuya zvino, rudzi chairwo rwakabuda.

Imi maAssemblies of God makaenda mukaita sangano, pachinhu icho chamakabudiswa machiri naMwari, makadzokera kumashure senguruve iri kumatope.

Imi maOneness, maUnited, yekare J.C. ye... Pentecostal Assemblies of Jesus Christ, imwe yevatema, uye makazvitsaura nokuda kwekusarurana. Imi makaita izvozvo, mukazvibanidza ndokuzvidaidza kuti "United." Uye ndokuita sangano, ndokukakavadzana paAssemblies: "Sembwa inodzokera kumarutsi ayo." Kana marutsi akarwarisa imbwa pakutanga, hazvizoite kuti irware zvakare here? Shandura kudya kwako kubva kusangano rako kuenda kuShoko, ugorarama naKristu. Munonyadzisa!

Ndina Baba Vari mhiri,

Ndina Baba Vari mhiri,

Ndina Baba Vari mhiri,

Kune rumwe rutivi.

Rimwe zuva ndichaenda kunomuona;

Rimwe zuva ndichaenda kunomuona;

Rimwe zuva ndichaenda kunomuona;

Kune rumwe rutivi.

Oh, haungavi musangano unofadza here?

Ko iyo (Shoko rinoenda kuShoko!) musangano here?

(Kana mwenga okwira, Shoko neShoko)

..... musangano unofadza,

Kune rumwe rutivi.

O, zuva rakajeka ringava mangwana.

Zuva iroro rakajeka ringava mangwana.

Zuva iroro rakajeka ringava mangwana,

Kune rumwe rutivi.

Unoti, "Munorevesa here, Hama Branham?"

117 Hongu, changamire! Apo maLutheran enguva iyoyo, maWesley ezera ravo, maPentekosti ezera ravo, vechokwadi, kwete vemasangano... VePentekosti, avo vakawedzera mbiriso, sangano, vakafa. Asi Shoko Rechokwadi iRi Richienderera mberi, munooona, sezvatakaurwa naJesu. "Nezuva iro muchaziva kuti iNi NdiRi muna Baba, naBaba Vari maNdiRi, NeNi mamuri, nemi muri maNdiRi." Zvose iShoko!

Oo, hakungavi kusangana kunofadza here...

(Vanakomana vaKe pavachaungana pasuwo raKe)

..... musangano unofadza,

Hakungavi kusangana kunofadza,

Kune rumwe rutivi.

118 Zvino, kereke, tave kudzidzisa zvino. Asi, rangarira, paunobva pano, paunotanga kubuda muchikwande zvino. Uri kupinda mutsanga yembeu, asi pinda muhvepo hwezvava. Usawedzera pane zvandataura, usabvisa zvandataura nokuti ndinotaura chokwadi sekuziva kwandinoita, Baba sezvaVakandipa. Maona? Usawedzera pazviri, ingotaura zvandataura.

Nyaya yacho ndeyokuti, ingoudza vanhu kuti vauye kuzotsvaka Ishe Jesu. Zvino iwe pachako wopinda muHupo HwaKe chaimo, wongoita rudo kwaAri: "O Ishe Jesu, Mwanakomana WaMwari, ndinoKudai. Pfavisai moyo wangu, Ishe. Bvisai tsvina yose uye rudo rwenyika, uye regai ndigare ndiri mutsvene munyika ino yazvino pamberi peNyu."

Tokotamisa misoro yedu kuti tinamate. Zvino, ngationei, munaye here asarudzwa kuti atibuditse nemunamato? Kana kuti, ndichanamata, zvakadaro. Nyatsoremekedzai.

119 Mwari Anodikanwa, tinokutendai nokuti tawana kudya kwedu kwemweya. Tinokutendai, Ishe, kuti vhitamini yeShoko inokudza vanakomana vaMwari. Haishandi pane imwe mhando yehunhu, inoshanda bedzi pavanakomana nevanasikana vaMwari. Naizvozvo tinoKutendai nokuda kwazvo, uye tinonamata, Mwari, kuti tibatsirike nazvo. Kuti hatizoKutendai chete—tinoKutendai nokuda kwazvo—asi ngatishandisei simba racho kuedza, norudo, kunyengetedza vanhu kuti vatende muna Mwari Wedu; vakatsauka, vatadzi, madzimai, varume, vakomana, vasikana, muzera rino.

Muchiona, Ishe, kuti mamiriro epfungwa, zera rekusagadzikana iro vanhu vari kurarama mariri, riri kuvasanganisa musoro; kuzadzisa chaizvo zvakataurwa neGwaro nezvaRakavimbisa, zvinhu zvikuru zvinotyisa zvichauya panyika. Semhashu, kuzoshungurudza madzimai anogera bvudzi rawo. Dzichave nevhudzi refu semudzimai. Nezvinhu zvakasiyana-siyana zvinotyisa zvavachakwanisa kuona, Ishe, mupfungwa, muchimiro chekunyengera chavari, uye vachishevedzera kumatombo nemakomo. Madzimai anobereka imbwa nekatsi, vasingareri vana kuti vakuKudzei. Avo vaMakapa vana uye vavabata pamuviri, vasunungurei vapinde mumigwagwa kuti vaite zvanoda. Hazvishamisi Makataura, Ishe, paMakanga Moenda pamuchinjikwa, "Zvino vachatanga kuchemera mabwe nemakomo kuti avawire."

120 Tinoona zvimwe zvinhu zvose zvichifamba kusvika munguva ino. Tinoona Gwaro Richisimbiswa,

nokutsigirwa. Uye sezvatinozviona izvozvo, Ishe, iMi tichiKuonai nameso edu Muchiratidzwa, rimwe rezuva pachava nokubvutwa uye tichaona kuratidzwa kweShoko iRoRo, "Nokuti Mwanakomana Uchaya mumakore okubwinya, Aine vatumwe vaKe vakarurama, uye tichashandurwa kuti tiMuchingure mumakore." Zvichava sokuti... Tinonzwa nezvazvo ikozvino, ipapo tichazviona nameso edu.

Dai tawanikwa tiri maAri, Ishe, nzvimbo yega yakapiwa. Uye iYe NdiYe chibairo. TinoMuunza, zvatakanzwa nezvazvo, Jesu Kristu, muimba yaMwari kuburikidza norubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene, kuburikidza neZita RaJesu Kristu. Uye imomo chibairo chedu chinogamuchirwa uye tinopinza mumhuri; nokuti, kunyangwe taitetereka munyika, taiva vanakomana navanasikana vaMwari vakagadzwa nheyo dzenyika dzisati dzavambwa. Mazvita nekuda kwaizvozvo, Baba. Oo, ko munhu ungagofuratira sei chimwe chinhu chakadai (pavakaziva chokwadi, kuti Mwari Akavasarudza kubva munyika)? Kwaiva namamiriyoni avakararika nezuva iro randakaponeswa.

121 O Gwayana Rinofa, ndingaKutendai sei? Moyo wangu ungaremekedza sei mberi kweNyu? Ndibatsirei, Mwari anodiwa, kurarama zvakatendeseka. Batsirai vanhu vokwangu kurarama zvakatendeseka. Ndinovanamatira, Ishe, umwe noumwe, kuti iMi Mugo ... Mwari, neimwe nzira, handi ... handingaziv. Handizivi makumbiriro, Ishe. Uye zvichida handisi kuzvikumbira nenzira yakanaka, asi Mundiregerere kushaya hanya kwangu, Ishe, uye ingotarirai moyo wangu. Ndinonamata kuti pasava noumwe chete wavo angarasika, pashaiwe kanamumwe chete wavo, Baba. Ndinovatora, umwe noumwe, kuitira iMi. NeMuZita RaJesu Kristu. Amen.

NdinoMuda, ndino.....

Uye kana muchiMuda, dananai. Kwazisanai.



[www.messagehub.info](http://www.messagehub.info)

Mharidzo Na  
**William Marrion Branham**  
 "... mumazuva eShoko ..." Zvak. 10:7